

2017

REVOLISYON: refòm ki te chanje mond lan



SEMÈN LAPRIYÈ POU JÈN & JÈN ADILT

JOUNEN MONDYAL JENÈS: 18 MAS 2017

SABA RETWOUVAY: 25 MAS 2017

Ministè Jenès Konferans Jeneral

2017

Semèn lapriyè Jèn Senyò /Jèn Adilt

Tit:

REVOLISYON

Refòm ki te chanje mond lan

Tèm:

Se la mwen kanpe !

8 sèmon kotidyen (Saba– Saba)

Dat ofisyèl semèn lapriyè a

18-25 Mas 2017

Jounen Mondyal Jenès : 18 Mas 2017

Sabba Retwouvay : 25 Mas 2017

REVOLISYON: refòm ki te chanje mond la
Youth Ministry Accent® se yon piblkasyon Ministè Jenès, Konferans Jeneral
Advantis Setyèm-Jou®. Tout dwa rezève. Copyright © 2016 Konferans Jeneral
Advantis Setyèm-Jou Depatman Ministè Jenès.
Disponib pou telechaje gratis sou www.gcyouthministries.org

KREDI EDITORYAL:

Redaktè Prensipal : Johannes Hartlapp
Asistan Redaktè : Gilbert Cangy,
Pako Mokgwane, Maria Manderson
Editè: Gilbert Cangy
Editè Adjwen: Pako Mokgwane
Kowòdonatè Pwojè: Maria Manderson
koreksyon Final: Sophia Boswell
Premye Koreksyon : Maria Manderson
Tradiktè Alman-Anglè : Brent Blum
Tradiktè Angle-Kreyòl : Alelouya !
Plan ak Konsepsyon : Maria Manderson
Photos : Istock.com
Revizyon : Enstiti Rechèchè Biblik

PRENSIPAL VÈSYON BIBLIK YO ITILIZE:

New King James Version (NKJV)
Unless otherwise noted scripture is taken from the New King James Version®. Copyright © 1982 by
Thomas Nelson. Used by permission. All rights reserved.

LÒT VÈSYON YO ITILIZE:

The ESV® Bible (The Holy Bible, English Standard Version®). ESV® Permanent Text Edition® (2016). Copyright © 2001 by Crossway, a publishing ministry of Good News Publishers. The ESV® text has been reproduced in cooperation with and by permission of Good News Publishers. Unauthorized reproduction of this publication is prohibited. All rights reserved.

Revised Standard Version (RSV)

Revised Standard Version of the Bible, copyright © 1946, 1952, and 1971 the Division of Christian Education of the National Council of the Churches of Christ in the United States of America.

Used by permission. All rights reserved.

Pèmisyon pou fotokopye Youth Ministry Accent®, edisyon Semèn Lapriyè sa, se pou itilize nan legliz lokal yo, gwoup Jènes, ak lòt aktivite edikasyon kretyèn. Pèmisyon spesyal pa nesesè pou sa. Men, pèsòn pa gen dwa repwodui l nan okenn lòt fòm san pèmisyon ekri editè a. All rights reserved.



*Planifye yon
Selebrasyon Retwouvay
Fè yon gwooup sipò Banabas*

Bib la di : « Banabas se te yon bon moun, plen ak Lespri Sen e puisan nan lafwa. E anpil moun te vin jwenn Senyè a » (*Travay 11:24, Tradiksyon lib*). Banabas te kwè nan bay moun yon dezyèm chans. Lè Pòl te konvèti, Legliz la te pè louvri pòt yo konsa pou l te antre. Se te Banabas ki te mete repitasyon li an danje pou teworis sa ki vin kretyen, Pòl. Lè Pòl te desite li pa vle Jan-Mak al nan misyon ak li, paske li te abandone anvan, se te Banabas ki te deside bay jèn Jan-Mak, anpil moun te panse se te yon echèk la, yon dezyèm chans. Dezagreman te tèlman fò Pòl ak Banabas te separe pou yon bon tan. Aprè sa Pòl te vin wè kapasite ki nan Jèn gason sa, li te menm voye mande konkou li nan pèlerinaj misyonè l yo.

Anpil fwa jèn ki fè erè senpman bezwen yon moun ki pou kwè nan yo.

Gwooup sipò Banabas se pou ankouraje ak ede sila yo ki te ka grandi legliz la, men ki te deside pati. Ou pa bezwen konn pou ki rezon. Senpman deside pou priye, senk minit chak jou, chak jou pou yon gwooup Jèn ou konnen kit e kite legliz e planifye pi bel plan pou al chèche yo. Jwenn yon fason pou w pataje temwanyaj nan Jounen Mondyal Jèn nan ak nan semèn priyè a ak yo epi envite yon an fen pwogram nan.

ÈSKE W AP YON BANABAS JODIA ?

Ankouraje yon Jèn pou tounen lakay

EDE YO JWENN CHIMEN YO POU TOUNEN LAKAY

Pou jwenn plis lide pou planifye pwogram Tounen Lakay la vizite :

GCYOUTHMINISTRIES.ORG

TAB KONTNI

- 4** SELEBRASYON RETWOUVAY
- 6** EDITORYAL
- 8** PRELIMINÈ
- 9** VIV
- 11** FÈ TI GWOUP YO TRAVAY
- 14** ENTWODIKSYON
- 17** JOU 1 : Enpòtans Pawòl Bondye a (*Sola Scripture – Ekriti Sèlman*)
- 22** JOU 2 : Ak Gras la Sèlman (*Sola Gratia – Gras Sèlman*)
- 28** JOU 3 : Kris kòm Sant Lavi Nou (*Sola Christus – Kris Sèlman*)
- 34** JOU 4 : Legliz kòm yon Pretriz pou tout kwayan
- 42** JOU 5 : Lasèn kreye Fratènité
- 48** JOU 6 : Konfesyon peche ak kilpabilite m yo (*Sola Fide – Lafwa Sèlman*)
- 54** JOU 7 : Batèm – yon nouvèl alyans ak Jezi
- 58** JOU 8 : Kris ap retounen pou Sove ak Jije
- 64** NÒT SOU REDAKTÈ YO
- 65** AFICH JOUNEN MONDYAL JENÈS LA



Chè Jèn

Enpòtans lapriyè se pa pou Bondye chanje lide L, ni pou w jwenn sa w vle a. Anvi pa vle di bezwen. Lapriyè se pa bak sirèt. Lapriyè vle di nou eksprime Bondye gratitud nou ak plan lavi nou. Men, lakoz nou pa konn kijan pou n priye, osnon kijan pou n eksprime lapriyè n yo, Lespri Sen an ranje lapriyè a (Women 8.26).

Menm jan an tou, Lespri Sen an ede n nan feblès nou yo. Lakoz nou pa konn poukisa nou dwe priye, Lespri Sen an fè entèvansyon pou nou ak konplent an silans li yo. E kounye a, Sila ki fouye kè a konnen kisa k nan lespri n, paske li fè entèvansyon pou sen yo dapre volonte Bondye. E nou konnen tout bagay fèt pou byen sila yo ki renmen Bondye, sila yo ki jwenn apèl dapre entansyon L (Women 8.26-28).

Lapriyè pa dwe yon pakèt pawòl bouyi vide, nou dwe konprann sa nou vle di a, epi gen konviksyon sou li. W ap pale ak yon Papa ki gen renmen, ki vle ba w sa k pi bon pou ou. Konesans lanmou L dwe fè w pale libelibè ak Li. Sa pou sa lè w ap priye an prive, kantite tan w pran an pa enpòtan, ou nan yon konvèrsasyon pèsonèl ak Papa w. Ki renmen w e ki konprann ou. Se kanal komunikasyon ant bon Papa a ak pitit Li.

Kijan komunikasyon sa fonksyone ?

Pou kòmanse, chwazi yon moman kote w ap ka poukont ou ak Bondye. Jezi te fe sa ! Li se egzanp nou. Lapriyè pa dwe yon evennman, men yon mòd lavi. Li pa dwe « yon bagay konsa konsa », mete l nan pwogram ou. Kòmanse jounen w ak Bondye, fini jounen w ak Bondye e nan mitan, konsakre tèt nou nan lapriyè. Priye toutan ! Lapriyè pa oblige pale toutan, li ka ekri, si moun nan eksprime l pi byen nan ekriti. Si w se yon moun ki renmen ekri, fè yon jounal lapriyè, lè w vle dekoraje li ka sèvi w kòm ankourajman tou ak pou rapèl sou kijan Bondye te reponn lapriyè w yon an tan lontan.

Chak pechè bezwen gras. Gras la se ant Bondye ak pechè a, se pa yon lòt moun, si se pa sa li t ap sispann gras. Gras soti nan Bondye. Gras la prezève entegrite moun nan paske konfesyon an rete

nan lakou syèl la. Bondye bon, pa gen moun ki ka anpeche l nan anyen tou. Lanmou fè gras la vin pi fò. Se sèl Bondye ki ka fè gras, yon moun pa gen kapasite pou bay okenn gras ki ka sove, Kidonk, lè w mande padon, kwè l reyèl, w ap jwenn li lapoula. Pozisyon okenn moun nan Legliz paka garanti okenn ti moso gras. Nou gen yon gran Prèt nan Tabènak Selès la !

Konsa zanmi m yo, gras la la toutan, li tout kote. Pa gen anyen sou tè sa ki twò gwo oswa twò grav pou gras Bondye paka jere. Wi, Bondye vle geri e padone w, men, ou dwe chache li nan lapriyè. Menm jan Li te di ansyen Izrayelit yo, L ap di nou jodi a. « Si pèp mwen an, ki pote non m nan, mete l byen ba, li priye, li chache prezans mwen, epi l kite vye bagay y ap fè yo, lè sa m va tande yo depi nan syèl la, e mwen va padone peche yo, e geri peyi yo a. Lè sa, je Mwen va louvri sou yo, zòrèy va toujou pare pou tande lapriyè yo fè nan espas sa » (2 Kwonik 7.14-15).

Pase tan nan lapriyè, l ap chanje w ak tout sa k anviwone w. Plis ou priye, se mwens ou trakase tèt ou. Priye ! Bondye ap toujou la pou ou.

Pako Mokgwane

LI SA DABÒ

Kòmanse planifye kounye a. Nou konnen anpil fwa gen chanjman nan direksyon jenès la nan fen ane, men souple, si ou p ap lidè J.A ane pwochèn, pa kite sa bloke nan preparasyon pou semèn spesyal sa. Kòmanse planifye, e devlope objektif yo, met ekip ou yo ansanm, epi asire w pastè a fè pati ekip ou a.

Kreye yon ekip pou devlopman/revizyon. Tou depann de gwosè legliz ou a, gwoup sa ka gen 4-8 moun ki pou gade tout 8 sèmon yo ak ou. Mete sèlman jèn adilt ak lidè J.A (Eklerè, Lekòl sabba, Pastè etc.) ki angaje epi enterese ; olye se sèl ou menm ak asistan w yo. Mande gwoup la pou angaje pou reyini pou piti twa semèn – yon semèn pou 4 mesaj, e yon semèn anplis pou ranje tout bagay. Asire w ou idantifye objektif ak direksyon w vle ale a, li t ap pi bon si w fè sa nan premye reyinyon an, epi chwazi Jèn ki pou pale pou chak jou.

Entegre Jounen Mondyal Jèn (JMJ) nan plan semèn lapriyè a. An di byen, JMJ a ta dwe yon moman pou aprann jèn yo konn kijan bay tèt yo an sakrifis, pou kreye opòtinite nan legliz la ak kominote a. Si legliz ou a pa gen anpil Jèn ak resous pou òganize yon evènman JMJ Kominotè, ou ka kontakte lòt reliyion nan zòn nan pou asosye resous ak lide pa w ak lòt gwoup Jèn nan lòt legliz nan zòn nan. Pou plis enfòmasyon sou òganizasyon pwogram JMJ, souple vizite sit entènèt nou an, www.gcyouthministries.org.

Angaje Konbatan lapriyè yo. Mete yon ekip adilt ansanm ki pral angaje yo pou priye pou ou ansanm ak ministè w la regilyèman. Fè yon gwoup kote w ka pataje konfidansyèlman lapriyè pèsonèl ou ak bezwen lapriyè pou ministè w la alafwa.

Chwazi yon chan-tèm. Anwole Koral Jèn ou an. Si legliz ou a pagen yon koral Jèn, se pi bon moman pou met youn sou pye. Chwazi chan nou tout renmen e ki mache ak sijè k ap prezante chak swa yo. Osnon chwazi yon chan pou tout semèn nan.

Kòmanse yon journal lapriyè. Pa gen anyen ki pi gwo pou devlopman spirityèl pèsonèl pase pran tan pou priye. Gwoup jèn ou yo ap grandi tank w ap grandi. Journal lapriyè a pral ede w rankontre Bondye nan yon lòt bél fason. W ap kapab swiv wout ou ak Bondye, lè w byen gade w a wè lapriyè ki jwenn repons epi kijan Li te mennen w chak jou, etap apre etap. Lide tou nèf ap vini nan tèt ou lè w ap pase tan nan prezans Li, nan revize lapriyè w yo. Ou ka jwenn anpil bél lide sou entènèt sou fason pou w kòmanse yon journal lapriyè epi kontinye ak li. Sèlman ale sou www.google.com ekri : « komanse yon journal Lapriyè ».



*“Pawòl Bondje pa sèlman vivan e puisan!
Li pi file pase yon koulin de bò.
Pawòl li ka separe nanm ak lespri,
ni jwenti ak mwèl. Jouk li jwenn
anvi ak lide ki nan kè nou.”*

*Ebre 4:12
Tradiksyon lib*

Viv - Maria Manderson

Mwen pa sonje ni kilè, ni kibò osnon poukisa l te kòmanse, menm jan l te kòmanse m pa sonje. Li fèt san m pa konsyan. Tout sa mwen konnen yon jwèt sou entènèt vin tounen dwòg prefere mwen. Se solisyon tout pwoblèm mwen. Pawòl serye, menmsi m ta pase yon vye jounen, si mwen jwenn chans pou jwe « *mo ant zanmi* »... gayan osnon pèdan... mwen anfòm. Mwen pa enkyete m pou kèlkanswa pwoblèm nan, e mwen pa menm vrèman bezwen moun bò kote m... depi m jwe jwèt la, mwen anfòm. « *Mo ant zanmi* » se yon jwèt sou entènèt ki jwe ak de moun. Objektif jwèt sa se pou ranje plis mo posib (se pa ni yon jwèt pou lajan, ni bòlet).

Pa pran mwen mal souple... mwen pa yon bèt ki pa bezwen moun kote m. Mwen se yon moun ki gen gwo bezwen relasyon ak moun. Mwen leve twa tigason, kidonk mwen te abitye ak timoun. Adolesan te toujou vin lakay mwen. Se te bèl bagay. Epi sanzatann mwen te poukout mwen. Mwen menm, yon moun ki abitye pran swen yon fanmi pou plis pase 20 lane, bripsoukou mwen vin poukout mwen. Mòd solitid sa yo ka bay gwo doulè epi lakoz konfizyon. Plis ou santi w bezwen moun, se plis ou riske santi yo trayi w epi w fristre.

Konsa, lè mwen fin reyalize lavi kapab difisil. Lè m te jwenn jwèt sa, se te tankou paradi. 24 sou 24 se te yon sèl jwèt.

Mwen se yon pasyone.

Men, mwen se yon Kretyen

Mwen pa dwe santi m poukонт mwen... Mwen vle pale ak Bondye sou sa. Fòk pitit nou yo kite n yon jou, kidonk, nou sipoze fòme yo pou vin granmoun tèt yo, pou yo tounen kontribyab nan sosyete a. Yo dwe ale. Kijan sa fè rive la ? Yon jwèt sou telefòn, youn, osonon de zèdtan nan nwit w ap jwe ak yon moun ou ka pa janm kwaze. Li sanble an sekirite, pa gen domaj, ni rejè, ni posiblite trayizon. San okenn move konsekans.

Aprè mwen fin travay sou pwojè semèn lapriyè sa, mwen te kòmanse reflechi sou tout etap refòm nan. Kisa chanjman koute ? Mwen deside pran wout chanjman. Si m vle ret nan Kris, mwen dwe chanje fason m panse. Mwen dwe fè atansyon, jwe jwèt an liy lan trè inosan. Se pa yo « peche », se pa yon tantasyon nonplis, se jis pou m pase tan an. Men, danje a se nenpòt bagay ki ka retire lide w sou Jezi, nenpòt bagay ki vle ranplase sa Li menm sèl ka bay la se yon zidòl. Tout sa k separe n de Jezi pa bon – sa senp. M p ap kontinye pèdi tan m jwe ak moun m ka pa janm rankontre. Men, mwen pral envesti tan m nan yon moun m ap rankontre yon jou, Jezi.

Ellen G. White di : « Divinite fè yon sèl ak limanite nan travay pou leve wo epi pirifye karaktè a. Lè pouvwa konvèsyon Bondye a pran kontwòl nou, li pral opere yon chanjman total kapital » (*Signs of times, July 1889, Paragraf 9*). Mwen vle pou karaktè m pirifye.

Si w ap lite menm jan ak mwen, si w pran kèk abitid sa ka ede w devlope relasyon w ak Bondye. Men kijan m te fè :

- 1- Lapriyè
- 2- Lekti Bib la pou piti 30 minit nan maten
- 3- Mwen fè sa m gen pou m fè
- 4- Repo
- 5- Lekti Bib la pou piti 30 minit nan maten
- 6- Lapriyè
- 7- Dòmi

Yon jou, Martin Luther te di : « Kretyen san lapriyè, sa enposib, menm jan w paka viv san respire. »

Fè Lekti Biblik la ak lapriyè ansanm enpòtan anpil pou mwen. Eksperyans montre m lè m fè lapriyè yon priyorite, koneksyon spesyal sa ant mwen menm ak Bondye ranfòse, e paske mwen renmen pran nòt lè m ap li, li bon nèt pou mwen tou fè yo ansanm ; priye ak li Bib la. M santi m pi pre Senyè a anpil anpil lè m fè sa. Bondye ap toujou pale ak nou nan fason ki pa pral sèlman transfòme nou soti anndan pou rive deyò, men, ede n konprann pi byen kilès nou ye tout bon ak sa ki motive nou.

FÈ TI GWOUP YO TRAVAY

Nan liv sa genyen uit bèl mesaj sou Refòm. Nan lekti sa yo wap jwenn okazyon pou w pataje istwa lavi w ak lòt moun. Itilize yo. Y ap ba w yon chans pou w montre sa w ap pale a reyèl e pèsonèl, se pa bagay tewori w pran nan Bib la.

Pou ankouraje deba, nou mete kesyon pou diskisyon ki pou itilize nan fen chak mesaj. Sa vrèman empòtan nan pwosesis adaptasyon ak aplikasyon lesyon yo chak jou n ap viv. Yo ka fèt ansanm nan yon gwo gwoup, osnon ou ka divize gwoup yo ant 10-15 moun, men, nou konseye ti gwoup la, pi piti gwoup la dwe gen 3-5 moun ki reyini chak swa. Sonje souple tout gwoup p ap gen menm chalè. Chak ap gen pwòp karakteristik li, reflete divès karaktè manm yo. Fil kondiktè k ap dirije chak gwoup se Jezi, e se nan non Li gwoup yo ap reyini chak swa pandan semèn espesyal sa.

Evite itilize mo moun yo p ap konprann. Rete nan langaj jèn moun ap ka konprann, toujou sonje : semèn sa ak tout diskisyon yo p ap vle di anyen si yo pa konprann sa n ap di yo.

Kisa yon angajman ti gwoup ye (ATG)

Yon angajman ti gwoup se yon seri pwomès sou konpòtman pou ankouraje yon bon anviwónman pou eksplorasyon spirityèl, ak prepare teren pou kreye prensip pou table relasyon. Se vrèman yon bon mwayen pou ede gwoup yo deklare epi sonje sa yo genyen ansanm. Pran yon angajman ansanm kòm gwoup pral mande pou manm yo konsyan lè y ap angaje yo epi fè sa nan lide pou devlope relasyon youn ak lòt kòm kretyen. Sa ap ede nan kenbe gwoup yo anfòm e konsantre.

Gid pou kreye yon angajman ti Gwoup nan lòt paj la. Souple pa gen pwoblèm pou n fè valè kopi n ap bezwen sou egzanz ki nan paj 12 la.

Lè n ap kreye ti gwoup yo, sonje legliz yo diferan e sa ki te mache pou yon legliz pa oblige mache pou yon lòt legliz osnon gwoup jèn. Kèk gwoup ka vle yon angajman ki fòmèl, tape 1 pou chak manm siyen e kenbe yon kopi. Osnon nou ka chwazi angajman enfòmèl tankou nan bouch, nou ap revize oralman lè gen nouvo manm.

Jounen Mondyal Jèn

Jounen Mondyal Jèn pare pou lanse semèn ofisyèl la ak yon semèn lapriyè jenès. **Anvan moman sa rive, souple kontakte pastè w, osnon lidè jenès konferans/mision w lan pou wè nan ki pwojè legliz pa w la ap patisipe nan jou sa, 18 Mas.** Aprè evènman Jounen Mondyal Jèn nan, premye swa reyinyon yo, ou ka renmen pran yon ti tan pou diskite sou evèman ou te patisipe a.

GID ANGAJMAN TI GWOUPE

Objektif yon ti gwoup se kreye yon espas konfòtab kote chak manm kapab yo menm, debat kesyon ki konsène lafwa, resevwa sipò ak ankourajman nan mache ak Bondye, sipòtè youn lòt nan priye ak adore, konsa manm gwoup la ka glorifye epi onore Bondye nan lavi yo, pèsonèlman e kòm yon gwoup.

Men kèk etap pou w konsidere nan kreyasyon yon angajman pou gwoup jèn ou an.

■ Kantite tan reyinyon an

■ Lè ak Frekans reyinyon ap fêt dapre legliz la osnon Lidè Jenès la

■ Espas: Èske reyinyon yo ap fêt nan legliz la osnon kay yon moun osnon tanto kay yon moun, tanto Legliz la

■ Misyon ak Sèvis: nou pral sèvi legliz la ak kominate a, ankouraje developman ak aplikasyon talan ak don pou manm gwoup, epi sèvi moun nan fammi, ti gwoup pa yo, lekòl, Legliz ak kominate a. Angaje nan sèvis se yon fason pou n aprann ansamm e pataje tou.

■ Kwasans ak developman: N ap devlope e grandi nan sèvi

■ Patisipasyon: pa gen "kesyon san sans" chak moun gen dwa bay opinyon yo e n dwe ankouraje epi respekte chak lide.

■ Kwasans spirityèl: nou pral goumen pou nou grandi nan obeyi youn ak lòt e nan aplikasyon verite spirityèl, konsa kòm gwoup, e pèsonèlman, nou ka vin plis sanble ak Jezi nan atitid ak konpòtman.

■ Konfidansyalite: tout koze pèsonèl ki pataje nan gwoup la dwe ret nan gwoup la.

■ Ouvèti: nan mezi nou kapab, n ap onèt e dirèk youn ak lòt. Moun pa jije moun !

■ Responsabilite: nou bay tout moun pèmisyon pou fè youn lòt responsab objektif nou te fikse kòm gwoup osnon angajman pèsonèl.

■ Byenveyans: nou pa p pale de yon moun dèyè do l.

■ Koutwazi: lè gwoup la ap reyini nou tout ap vini a lè.

■ Kreye relasyon: n ap onèt epi ouvè youn avèk lòt, e priye youn pou lòt nan reyinyon yo.

■ Kominate: Nou pral angaje pou nou jwenn legliz mondal ; nan repozisyone misyon li nan fon kè nou ak nan sa n kwè kòm jèn kretyen (sa depann de aktivite konpasyon w yo tou). Ou ka pran tan sa pou w diskite apre evenman Jounen Mondyal Jenès la.

■ Wòl ak responsablite: nou pral chèche pataje wòl ak responsablite sa yo: Lidè, kolidè, lidè ti gwoup yo (sa depann de gwo sè legliz la), resepsyonist, kwòdonatè priyè, kwòdonatè pwojè sèvis Jounen Mondyal Jenès...



Angajman ti gwooup

Objetik gwooup mwen an se tabli bonjan kote pou diskite kesyon konsènan lafwa, epi jwenn sipò ak ankourajman nan pèlerinaj mwen ak Bondye.

Mwen dakò pou :

1. *Sipòte manm gwooup mwen an nan lapriyè ak adore ansanm, konsa nou tout ka glorifye e onore Bondye nan lavi nou.*
2. *Patisipe nan chak reyinyon ti gwooup depi sa posib, e, si mwen paka patisipe, pou mwen fè lidè a konnen sa davans.*
3. *Respekte prensip konfidansyalite ak entimite pèsonèl. Pa di okenn moun deyò sa n di nan gwooup la.*
4. *Priye tanzantan pou manm gwooup mwen yo.*
5. *Respekte opinyon chak moun, ankouraje e respekte tout kesyon.*
6. *Bay opinyon m nan respè pou chak moun.*
7. *Patisipe ouvètman e onètman nan rankont gwooup la e kite espas pou tout manm pataje.*
8. *Pa pale sou lòt manm gwooup lè yo la.*
9. *Fè tout sa mwen kapab pou sipòte Legliz Mondyal la nan misyon li nan mond lan.*

Non

Siyati

Dat

[Lidè, couple pataje enfòmasyon sa ak asistans lan nan premye jou reyinyon yo, e chak jou apre sa.]

Lòt Saba n ap [selebre yon espesyal retwouvay](#). Tèm nou pou jou sa ap « **Retou Jezi** ». Sa ka yon okazyon pou zanmi w yo ki te dezangaje nan kominate legliz nou an viv retou yo nan legliz nou an. Couple envite zanmi w demen swa e pou rès semèn nan, e finalman nan saba pou selebrasyon retwouvay nou an.

ENTWODIKSYON

Se la mwen Kanpe !

Refòm nan se te yon revolisyon.

Lè 1 te plake 95 tèz li yo nan pòt legliz chato Wittenberg la, an Almay, Martin Luther (1483-1546) te komanse Refòm pwotestan 16yèm Syèk la. Alò, pou nou klè, nou dwe raple se vre yo konsidere aksyon sa tankou kòmansman Refòm pwotestan an, anvan sa nou te genyen Jan Wiklèf, Jan Is, Toma Linak, Jewòm nan Prag ak lòt ankò ki te deja mete pwofesyon yo e menm lavi yo an danje pou menm koz verite a, lè yo t ap konstri fondasyon chanjman Luther te vin bati sou li a. Yon revolisyon ki te produi yon nouvèl teyoloji reliye ak filizofik nan Kretyènte a (Krisyanis), teyoloji pou pale libelibè de Bondye.

Ane sa, 2017, n ap komemore 500 zan anivèsè moman sa ki te enspire Martin Luther, Refòm Pwotestan e ki te finalman chanje mond lan.

Kontèks ak Enpòtans aktyèl

Nan peryòd Martin Luther a, mond lan te tèt anba. Kapital ansyen Lanpi Women Oryantal la, Contantinople, te tonbe anba men Mizilman Lanpi Ottoman yo nan lane 1453. Nan sèlman kèk lane avan – an 1439 –, Johannes Gutenberg, te tanmen yon revolisyon medyatik, « *Globalizasyon panse yo* », ki te pèmèt novo mwayen komunikasyon kòmanse, lè li te entwodui enpresyon ak karaktè mobil nan Ewop la. Vizit Amerik la, an 1492, te chavire ansyen konsèp ki te fè konnen tè a te plat la. Imanis tankou Erasmus of Rotterdam te mete anfaz sou kapasite lòm pou l panse panse pa l, lè yo te vire sou pansè tan lontan yo kòm modèl. Apre plis pase 1000 lane, savan yo te viv yon lòt angouman pou etidye Ebre ak Grèk kòm lang biblik ki te prèske mouri.

Peryòd Mwayen Aj la, ki te domine ak kavalri, te rive nan bout li ak envansyon zam ki tire bal ; lòt vil t ap pouse tankou djondjon tout kote an Ewop. Mond oksidental la te antre nan yon epòk transfòmasyon. Se pa tout bagay ki te chanje, men chemen an te trase pou chanjman.

Jodi a, anpil moun santi menm bagay la pou mond nou an. N ap viv gwo chanjman [fondalnatal] : moun yo t ap obsève ak kè sote konsekans mondyalizasyon an, revolisyon dijital la, mouvman teworis, danje lagè yo ak destrikson mond nou an lakoz nou pa byen jere anviwónman an. Men, kesyon sa charye, « èske gen yon bagay nou ka konte sou li ? »

Pandan lide prensipal Refòm – se te yon apèl pou pirifye Legliz la ak epi kwè nan Bib la sèlman, ki se sous otorite sprityèl, nan plas tradisyon – se pa t lide nèf, se te Martin Luther ak lòt Refòmatè yo an Ewop ki te premye byen metrize itilite pouvwa enprimri a pou fè lide yo touche plis moun. Lè Johannes Gutenberg, zanmi Martin Luther a, te revolisyonen enprimri an Ewop la, sa te pèmèt mwayen komunikasyon modèn pran pye. Revolisyon medyatik sa te fè yo te ka ogmante pwodiksyon feyè [panflè, afich] ak lòt materyèl enprime ki te sèvi pou montre mesaj sou kwayans ak lafwa, epi fè panse ak lide Refòmatè yo rive jwenn piblik la.

Martin Luther, lè l te jèn gason, te goumen pou jwenn lapè ak Bondye. Li te toumante paske l te vle konnen kijan l te ka resevwa gras Bondye a, kijan l ka rive jwenn yon Bondye ki ta padone peche l. Plis li t ap travay pou fè Bondye plezi epi ede lòt moun, se plis li te santi l pa anpè ak Bondye, e se plis li te vin gen konsyans de enpèfeksyon ak peche l yo. Gid li a, Johann Von Staupitz, te deside Luther te bezwen fè lòt bagay pou l pa panse twòp sou bagay sa yo. Li te ankouraje l kontinye etidye. Se te pandan tan sa, nan etidye Bib la san rete, Luther te jwenn yon repons : « Paske se nan levanjil la Jistis Bondye a revele l, li jayi nan lafwa e mennen nan lafwa, jan sa te ekri e ap rete ekri pou tout tan “Sila ki dwat la, ak sila ki kòrèk la ap viv granmesi lafwa” » – Women 1.17.

Bondye fè nou kado gras li ki p ap jam fini, lè nou fè l konfyans, malgre nou pa merite sa !

Pandan semèn lapriyè sa, nou pral gade pi pre nan kesyon fondalnatal ki te fasone refleksyon Martin Luther yo, sa ki bay Refòm pwotestan boustè e finalman chanje mond lan.

NOU KA JWENN TABLO OTÈL REFÒM NAN SOU ENTÈNÈT SOU :
<http://www.medievalhistories.com/ways-cranach/>.

Nan lide pou n konprann pi byen epòk ak lide Luther yo, nou pral konsidere yon tablo Lukas Cranach, yon gran atis, zanmi Luther, reyalize. Nan lane 1547, yon lane apre lanmò Luther, yo te mete tablo sa nan legliz lavil Wittenberg la, kote Luther menm te sèvi kòm pastè depi 1514. Gwo tablo atizay sa toujou la jouk jounen jodi a nan espas istorik sa, li montre prensip ki pi enpòtan nan baz Refòm pwotestan an – souple, pa blye tablo sa pa reflete kwayans ak praktik Legliz Advantis Setyèm Jou a, ak anpil aspè, men, li sèvi kòm referans pou orijin Refòm pwotestan an.


Yo fè tablo a yon fason pou pliye l pou montre yon pati ladan osnon tout nèt. Nan Mwayen Aj la, te gen yon bèl dekorasyon sou relikè a, se ladan yo te konn mete relik Legliz la. Otèl Refòm nan te fèt dapre ansyen konsèp sa, men yo entèprete l epi repenn li e dapre nouvèl fwa Refòm pwotestan an.

Sa se yon tablo ki di anpil bagay Lucas Cranach papa a, ak ptit gason li, Luke Cranach, sa k te pi jèn nan te petèt kòmanse travay sou li pandan Luther te vivan. Kòm temwen epi zanmi pèsonèl Martin Luther, eksperyans Refòm nan ta dwe tou frèch nan memwa yo. Nou menm kounye a ka konprann tablo a jan moun nan tan sa te konprann Refòm nan.

Jou 1

ENPÒTANS PAWÒL BONDYE

(*Sola Scriptura*)



Pawòl ki ka fè nou viv la

Gen kèk evennman ki ka chanje lavi w. Sa te ka yon aksidan sikilasyon ki kraze tout rèv ou yo, menm moman an, tout plan w te fè pou lavi w pa gen sans ankò. Ou te dwe repanse lavi w. Anyen pa t menm jan an ankò, e w ap mande kisa lavni ta ka pote. Se menm jan an sa te ye pou Luther an jiyè 1505 pandan li t ap vwayaje soti lakay li, Mansfield, pou l t al nan Inivèsite Erfurt. Toupre vilaj Stottemheim, yon tanpèt bare 1 e yon loraj te tonbe egzatteman kote 1 la. Li te sitèlman sezi pou jan 1 wè l gentan fin mouri, li pwomèt Bondye pou l chanje lavi l nèt lapoula ; li ta swete antre nan yon kouvan/monastè pou tounen yon mwàn, se te nan monastè a li vin fè konesans ak Bib la pou premye fwa. Pawòl Bondye, « Bib cheri » a, jan 1 te vin rele l annapre, te tounen fondasyon ak règ pou Lafwa l, lavi l ak mesaj li.

Kontèks istorik ak entèpretasyon tablo a

Rapid vit yo voye Martin Luther nan novo Inivèsite Wittenberg la pou anseye filozofi ak etid teyolojik an menm tan. Nan lane 1512 li vin gen doktora nan teyoloji nan Wittenberg la. Li pa t yo save ki te ret fèmen dèyè yon biwo, mete sou responsablite l kòm pwofesè nan Inivèsite a, li te vin kire pawas Wittenberg la. Se konsa, li te toujou an relasyon ak yon pakèt lòt moun. Kongregasyon li a te konprann predikasyon l yo ak fason l entèprete Bib la. Pati sou anba tablo Refòm nan prezante sitiayson sa. Martin Luther kanpe sou chè a l ap preche, Bib la louvri devan l. Men goch li nan direksyon Bib la. Men dwat li montre Kris la, nannan Lafwa (nan mitan tablo a). Rad Jezi van ap flote a se yon senbòl Lespri Sen an ki bay pawòl predikatè a otorite; se granmesi

pawòl sa Jezi pale,e Legliz konprann li. Pati goch table a montre kèk manm nan kominote Wittenberg la. Granmoun plen bab ki bò mi an se li k penn table a, Lucas Cranach, papa a. Dam ki gen foul a klè devan sèn nan se madan Martin Luther, Catherine nan Bora, timoun li yo bò kote l. E, tankou nan kominote nou yo, plizyè moun plis obsèvè lòt yo pase yo koute mesaj yo. Yon jenn gason ap gad demwazèl yo k ap wounouwounou youn ak lòt. Yon kil òdinè, jodi a ankò n ap viv menm sitiayson sa nan legliz.

Table ki reprezante pawas la se pati anba otèl la, yo rele l predèl tou. Dabitid, se relik Legliz la yo met ladan. Men, Luther pa t ba yo twòp enpòtans. Annapre, li pa konsidere yo menm, pou li sa yo initil. Li mete anfaz sou bonjan trezò Levanjil la ki pote soulajman ak lapè pou kwayan an. Nan 95 tèz li te klouwe sou pòt legliz la, sa ki te deklannche Refòm pwotestan nan, li di (tèz 62) : « Bonjan trezò Levanjil la se trè sen Levanjil glwa ak gras Bondye a ». Kidonk, bonjan trezò yo se pa relik yo te ka achte, nan epòk sa, pou gwo mago, men, Levanjil la. Se bòn nouvèl Bondye a, mesaj Jezi ki te mouri sou lakwa pou nou. Pataje Levanjil sa vin misyon lavi l kòm doktè nan teyoloji nan Inivèsite, predikatè nan legliz Wittenberg la, zanmi epi responsab fanmi e menm kòm yon temwen devan chèf yo nan asanble Enperyal.

Valè Bib la nan je Martin Luther

Luther te konn di Pawòl Bondye a pa ni pase mòd ni modèn, li etènèl. Konsa, youn nan deviz li yo se te : « *Vererbum dei manet in aeternum* (Pawòl Bondye a ap la jouk sa kaba) ». Li te baze sou Ezayi 40.6-8 ki site nan 1 Pyè 1.24-25. E kòm Pawòl Bondye a pa chanje – kontrèman pou mond nou an – pa gen pi bon fondasyon pou nou konstri lavi nou kèlkanswa sikonstans lan. Nou ka konte sou li. Li toujou gen menm puisans li te genyen depi lè premye pwofèt la te enspire pou ekri nan non Bondye a. Se sa k fè l enpòtan pou n met tout konfyans nou nan li. Pawòl Bondye a, Ekriti Sen yo, sifi pou lavi ak lanmò. Pou Martin Luther, sa te tèlman enpòtan nan katriyèm kouplè kantik « *Se yon ranpa* », li ekri : « *Pawòl sa sou tèt tout puisans tèrès, li pa rete anba lobedyans yo* ». Sa vle di Pawòl Bondye a ranplase tout otorite lòm, kit yo rekònèt li, kit yo pa rekònèt li. Yon lòt kantik popilè Martin Luther te konpoze kòmanse ak pawòl sa yo : « *Soutni nou, Senyè ak pawòl Ou.* »

Nan etidye Bib la, bòn nouvèl Jezi ofri nou sove a kòm yon kado gratis la te vin klè, byen detaye epi san mank pou Martin Luther. Poutèt sa, ankenn tradisyon pa dwe ni chanje, ni ranplase ansèyman Bib la « *Sola Scriptura* » (Bib la ase).

Yon deklarasyon klè konsa pwovoke rezistans Legliz la. Nan yon ti tan, yo akize refòmatè a de erezi. An 1521, yo konvoke l nan Dyèt Worms lan kote lanperè Charles Quint mande l pou l revoke ekri l yo. Luther sezi, li mande yon delè yon jou pou l reflechi. Nan demen, lanperè a mande l yon lòt fwa ankò pou l di sa l ekri yo se blag, li reponn li konsa :

« Se sèl si temwanyaj Ekriti yo ta konvenk mwen osnon lòt gwo prèv, (paske m pa kwè ni nan pap la ni nan konsil yo, lè yo gen repitasyon fè erè e yo kontredi tèt yo), mwen soude ak vèsè mwen site yo e konsyans mwen chita sou pawòl Bondye a menm. Kidonk, mwen pa kapab ni mwen p ap fè bak, paske l pa ni sèten ni onèt pou w aji kont konsyans ou. Se pou Bondye kapab ede m, Amèn ! »

Pawòl Bondye a te sitèlman gen valè Luther te pare pou l peye konsekans pwofesyon lafwa l la pou Bib la. Se konsa, Luther vin nèg Bib la. Apre plizyè syèk, pandan peryòd Legliz la pa t kite pèp la gen Bib, misye kòmanse enterese pou ekri yon Bib nan lang matènèl pèp la, se pa an laten, lang sa se prèske save sèlman ki te konprann li.

Pou Martin Luther suiv lide l la jiskobou, li sispann preche an laten pou l preche an alman. Men, sa pa t rete la. Fòk moun yo te kapab li Pawòl Bondye a nan pwòp lang yo. Alò, li te nesesè pou l tradui Bib la. Peryòd apre l te sot nan Dyèt Worms lan an 1521, se te yon bon moman ; alò, lè Prens-elektè a, Frederik III Saj la, te fè mennen Martin Luther nan chato Wartburg pou pwoteje l kont kòlè Legliz la ak lanperè. Se nan chato Wartbourg li te kòmanse tradiksyon Bib la. Dabò, li tradui Nouvo Kontra a, yon travay li fini rapid vit grammesi zanmi l yo. Se konsa, premye edisyon Nouvo Kontra a rive enprime an 1522. Yo pibliye tout Bib la nèt pou premye fwa nan lang Alman an 1534, men, jouk Luther mouri li kontinye ap modifye l, yon fason pou tout moun ka konprann sa ki ekri yo.

Li enposib pou w kretyen san Bib la

« Bib cheri » a, Jan Luther te rele li a, te sitèlman enpòtan pou refòmatè a, li te pare pou l te riske lavi l pou li.

Ki enpòtans Pawòl Bondye a nan lavi w ?

Kilè w li Bib la pou dènye fwa ?

Ou sonje sa w te li a ?

Osnon èske gen tèlman lontan ki fè l t ap pi onèt pou w admèt ou pa konnen Bib la twòp ? Li difisil pou kòmanse yon konvèrsasyon sou ansèyman Biblik yo. Ou plis sanble yon adolesan ki gen yon gwo mak telefòn nan pòch li, men, ki pa sèvi l anyen, paske batri a dichaj. Sa pa sifi pou w

gen yon bél Bib sou yon etajè, pou w gade. L ap sèvi w sèlman si w li l. Bondye vle pale ak nou nan Pawòl Li a. Ou dwe konnen l. Se liv pèsonèl ou. Se nan li l sèlman l ap vin sa l vle ye pou ou a : Pawòl Bondye a.

Kwayans nou

Pwofèt Jeremi (23.29) ekri Pawòl Bondye a tèlman puisan, li gen pouvwa pou l ekplwoze wòch pyè. Li rantre jouk nan zantray nou, (Ebre 4 .12) dabò, li chanje lavi n. Kit ou kwè l, kit ou pa kwè l : sila k ap etidye Bib la p ap ret menm moun nan. Bondye fè l vin pi fò nan ba l eleman pou l reyisi lavi l. Lè n ap li epi etidye Pawòl li, nou jwenn sa k nesesè pou n atenn objektif li prepare pou nou an : lavi etènèl kot Bondye. Lè n ap li ak etidye Pawòl li, Bondye revele nou kisa, an n di kilès, nou bezwen konnen : Jezi, Chemen an, Verite a ak Lavi a. Li gide n, e l pèmèt nou gen lavi etènèl epi viv jan l vle a. Se poutèt sa li toujou enpòtan pou w gen yon Bib ak ou. Sètènman w ka li l tou sou yon aplikasyon sou telefòn ou. Tout jèn yo jwenn envitasyon pou leve defi sa : angaje w nan memorize Ekriti yo.

Fè l nan vitès ou kapab. Note tout vèsè w kenbe nan tèt ou yo. Chache aprann plis chak mwa. Moman kote nou pral devan tribinal pou temwanye a pral rive. Y ap wete Bib la nan men nou, men nou gen konfyans, Lespri Sen an ap fè n sonje tout sa n te etidye ak fidelite.

Nan premye ti liv li a : « *Esquisse de l'expérience chrétienne et visions d'Ellen White* » (yo pibliye nan liv Premiers écrits), Ellen G White, ki te jèn nan epòk li a, di nou : « chè lektè, mwen rekòmande w pou w li Bib la ». Li fè pwòp eksperyans li ak Bib la jouk rive nan dènye jou lavi l. Li te vin « *fanm Bib la* » ki t ap viv ak Bib la e l te cheri l nan li l chak jou. Pou li, tankou pou Martin Luther, Bib la se te bonjan sous lavi, e mwen espere w a fè menm eksperyans sa !

« Ekriti Sakre yo – Ansyen ak Nouvo Kontra a – se Pawòl Bondye ki ekri, granmesi enspirasyon divin. Otè enspire yo pale epi ekri sou enfliyans Lespri Sen an. Nan Pawòl sa, Bondye bay limanite konesans nesesè pou l sove. Ekriti Sakre yo se bonjan revelasyon volonte L, ki gen tout otorite, e ki p ap kaba. Se prensip karaktè, kritè eksperyans, revelatè irevokab doktrin yo ak tèks pou n fè konfyans sou otorite Bondye nan listwa (Som 119.105 ; Pwovèb 30.5, 6 ; Ezayi 8.20 ; Jan 17.17 ; 1 Tesalonisyen 2.13 ; 2 Timote 3.16, 17 ; Ebre 4.12 ; 2 Pyè 1.20, 21) » – Gad kwayans fondalnatal advantis yo <http://www.adventiste.org/-les-croyances-fondamentales>

Apèl

Èske n konsidere Bib la tankou Pawòl Bondye ? Èske n jwenn tan pou n li Bib la ? Èske n memorize sa n li a ? Nou tout konstate nou pase plis tan ap fè sa k pa twò enpòtan pase sa alòs nou pa gen tan pou n kominike ak Bondye. Gen yon bagay ki dwe chanje nan lavi n. Mwen dwe fè pwogrè nan domèn sa. Mwen envite n pran desizyon sa kounye a.

Kesyon deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

1. Èske bon zèv nou yo merite bravo epi yo pèmèt kretyen yo sove ?
2. Kijan lafwa ak zèv yo marye nan wout espirityèl nou an ?
3. Lè n dwe pwoteje n tanzantan kont eleman kouran nan kilti popilè a, èske w konn gen enpresyon w santi sa Luther ak lòt refòmatè yo te santi a ?
4. Èske n santi n dwe pwoteste san rete kont kèk konpòtman ak kèk opinyon gwoup zanmi n yo yo genyen ?

Kesyon pèsonèl

1. Kijan etid Bib la ka fè w pran konsyans de peche w fè yo ?
2. Kisa tèks 2 Timote 3.16, 17 la vle di pou ou : « *Tout Ekriti yo soti nan Bondye e yo itil pou anseye, voye jete, korije, edike nan jistis, yon fason pou pitit Bondye a kapab jwenn nivo, bonjan fòme pou fè tout sa k bon.* »
3. Kijan w ka kite plis plas pou Pawòl Bondye a nan lavi w ?

Pou apwofondi kesyon sa yo plis : La tragédie des siècles, Ellen White, chapit 7.

JOU 2
GRANMÈSI GRAS LA SÈLMAN
(Sola Gratia)



Yon kado konplètman gratis!

Ak kisa nou panse Bondye sanble ? Malgre okenn moun pa janm wè Bondye, gen kèk opinyon nou gen nan tèt nou sou Li. Nou sèvi ak imaj nou abitye pou nou fòme opinyon sa yo ; se imaj ki soti nan anfans nou ak pandan n ap grandi rive jouk jounen jodi a. Pou anpe nan nou, Bondye sanble ak yon papa ekstrawòdinè, ki gade nou ak tandrès, e li toujou gen yon repons pou kesyon ak pwoblèm nou yo. Li toujou disponib e Li pa bezwen n ba l anyen pou ede n. Lòt moun ka panse ak yon bon ti lepè cheve blan, bab long, ak bèle je ; yon moun ki pare pou femen je li sou fot nou yo, men tou, li se yon moun yo ka pase nan jwèt fasil.

Epoutan, lòt moun ka wè Bondye tankou yon gwomoso, yon towo gwonde ki toujou ap menase n pou Lòktòk nou depi nou yo fè yon move bagay ; yon moun ki san pitye, yon kè lanfè ; yon moun ki pa janm satisfè, menmsi w eseye ak tout fòs ou, menmsi w fè san sot nan wòch. Se egzatteman mòd opinyon sa yo pifò moun pandan fen Mwayen Aj la la te genyen sou Bondye. Yo te wè Bondye kòm yon sadik ki mande plis nan men lòm pase sa lòm ka rive fè osnon reyalize. Se te ak konsepsyon Bondye sa Martin Luther te grandi tou.

Kontèks Istorik ak entèpretasyon table a

Martin Luther te kwè apre lanmò l, li t ap gen pou li soufri chatiman nan Pigatwa pou chak peche li te fè yo. Dapre *Wikipedia*, ansiklopedi lib la, nan teyoloji Kretyèn nan, nan teyoloji Katolik la menm, Pigatwa se yon etap tranziyon aprè lanmò fizik la, kote sila yo ki destine pou syèl la « ap sibi pirifikasyon, konsa pou rive jwenn sennte nesesè pou antre nan lajwa syèl la ». Sèlman sila yo ki mouri nan gras la men ki potko fin sibi pinisyon peche yo ka nan pigatwa, kidonk pa gen moun k ap rete nèt nan pigatwa, lè w sot nan pigatwa swa w al nan syèl osnon w al nan lanfè.

Nan lane 1505, lè Martin Luther te kòmanse viv tankou mwàن nan monastè Oginistinyen an nan Erfurt, konsyans li te kòmanse evolye. Kounye a li te vin gen anpil tan pou devosyon ak lapriyè, toutan l t ap panse ak peche l yo, e chay sa te lou anpil pou li. Se pa t « gwo » peche tankou touye moun ki t ap boulvèse l; li pa t gen okenn pwoblèm ak sa yo. Se spesyalman panse l li pa t ka kontwole. Ekzamp, li te pè pou l pa ta peche nan nan rèv li yo. Men, pa gen anyen li te ka fè pou anpeche sa. Plis li te pase tan ak Bondye, se plis Bondye te sanble yon jij malveyan pou li, yon moun li pa ta dwe tonbe nan je l. Li te toumante anpil ak kesyon tankou : « Kijan mwen ta vin bon nan je Bondye ? Kijan Bib la ka fè rele Bondye yon Bondye ki gen mizerikòd si L mande bagay nou pa t ap janm ka rive reyalize ? Mwen eseye ak tout fòs mwen, men, mwen paka kenbe kòmandman Bondye yo. Kidonk, lwa Bondye yo ap kondane m san rete. Non, Bondye sa pa renmen moun ditou ditou ; l ap jwe yon vye jwèt ak nou pito. Sa se pa lanmou Bondye. »

Luther te esesye ak tout fòs li, li te pase plis tan ap jene, li manje mwens, e l pa bouke fè vèydenui. Men, sa pa t ede l ; li pa t kapab viv san peche. Li te santi l pi koupab chak jou epi twò fèb pou l akonpli lwa Bondye a. Finalman, li komanse rayi Bondye. Johannes Von Staupitz, siperyè li nan monastè a, te wè Luther te toumante ak panse sa yo. Men kijan li te ka ede l ? Dabò li te fè l konprann kèk nan sa li te konn rele « peche » yo te senpman kèk ti bagay san sans, li pa t dwe menm pèdi tan l panse ak yo. Ansuit li di l : « Frè m, Martin, fikse je w sou Jezi e non sou swadizan peche yo. »

Luther te suiv konsèy vikè jeneral la. Yon jou nan etid li, finalman, Bondye te fè l konprann yon verite ki ta pral chanje mond la. Nou pa konnen jou osnon ane egzat li te rankontre Bondye ; men, yon ane anvan lanmò li, Luther te ekri sou moman ki te prepare chemen Refòm Pwotestan an. Li rakonte kijan l manke pèdi lafwa nan Bondye...

« Anfen granmèsi gras Bondye, meditasyon lajounen kon lannwit, mwen te vin konprann kontèks Pawòl la, sa vle di: «*Sila ki dwat la, ak sila ki kòrèk la ap viv granmesi lafwa*» – *Women 1.16, 17*. Se la mwen te kòmanse konprann jistis Bondye se bagay grammesi li menm sila ki dwat la ap viv ak gras Bondye, sa vle di ak lafwa. Mwen etidyé Bib la, m te kenbe epi note kèk eleman pou esplike aklè tankou travay Bondye, sa vle di travay Bondye fè nan nou an, puisans Bondye, se granmesi li menm li ba n fòs, sajès... Tank mwen t ap rayi tèm sa « jistis Bondye », se tank mwen t ap renmen moman sa. E se konsa, tèks Pòl la (*Women 1.17*), vin pòt paradi a pou mwen. (*Luther's Works, Volume 34, P337*).¹

Luther te rekonèt Bondye ba nou jistis li kòm yon kado. Kidonk, se Li ki sove n. Menm jan Bondye kondane peche a ak tout fòs li a, li renmen nou tou san limit tou. E li te te ba nou Jezi pou mouri sou lakwa pou nou. Sila yo ki konte sou Jezi pa bezwen pè Bondye ankò, men, tankou Luther te esplike sa yon lè, yo deja gen kle pòtay paradi a nan pòch yo jodi a menm. Sou predèl Otèl Refòm Pwotestan an nan Wittenberg, nou wè Martin Luther k ap preche nan legliz li a, men goch li nan direksyon Bib la. Se sou Bib la tout mesaj li yo chita, kòmanse 1514 pou bout jouk li mouri nan lane 1546. Men dwat li nan direksyon Jezi ki pandye sou lakwa pou peche n yo. Martin Luther pa t kapab epi li pa t vle blye kilès ki dwe nannan tout mesaj yo. Mesaj nou yo pa chita sou refleksyon n, osnon filozofi n, ni konparezon, men yo dwe chita sou Jezi menm. Jezi se fondman lafwa nou. Se fondman Levanjil n ap preche a. Sa se fondman Levanjil n ap preche a. E si nou fò nan preche osnon nan yon lòt bagay, nou konn gen tandans bat lestomak nou, alò, tanzantan nou bezwen sonje tout sa nou genyen ak tout sa nou ye se don Bondye. N ap kapab byen konprann pawòl Bondye a si nou konprann toutbonvre kisa Jezi anseye, tout Ekriti yo pale de Li (Jan 5.39).

Enpòtans jistis granmèsi lafwa sèlman an genyen pou Martin Luther

Nan Legliz la, pandan Mwayen Aj la, tout bagay te vire sou sa nou menm, kòm moun, te ka fè pou n jwenn favè nan men Bondye ; sou bon zèv ki fè Bondye plezi epi diminye kantite tan nou nan pigatwa. Yo te panse relasyon n ak Bondye se tankou yon kanè bank : plis ou peche se plis ou gen dèt, ou kondane, sa ki vle di w dwe pase plis tan nan pigatwa pou peye peche w yo aprè w fin mouri. Men, bon zèv ou yo kapab ede w byen fè ekilib sou kanè w la. Men tou, okenn moun pa t ap janm ka sèten bon zèv li yo t ap anpil epi ase pou fè n akzeptab nan je Bondye nan jijman final la. Se sa k fè bon zèv yo te enpòtan konsa. Kidonk, se nòmal pou w te pwouve Bondye tout bon zèv ou te ka fè. Annapre, Martin Luther te rele mòd panse sa yo « teyoloji glwa moun » (*theologia gloriae*), e nan pwòp eksperyans li, li te konnen sa se te yon wout san

debouche [antre pa soti]. Malgre tout bon zèv nou yo, nati peche a nou pa t ap anpeche n peche. San gras Bondye, nou pa kapab fè volonte Li. Men, kòm kwa a te vin gen yon lòt sans pou Luther, paske Jezi te deja peye pou padon peche nou yo nan lanmò L, Luther vin rele mòd panse sa ki se te baz Refòm Pwotestan : « teyoloji lakwa » (*theolgia crucis*). Okòmansman, li te sezi pou wè jan lavi nan lafwa a te vin fasil. Pa gen batay toutan ak pwòp konsyans ou ankò, pa gen pè yon Bondye gwo moso ankò. Li te pito kontample Kris sou lakwa ak yon lespri rekonesans paske l te konprann se gras Bondye sèlman (*sola gratia*) ki te sove li. Li pa t janm resevwa yon kado konsa anvan.

Kounye a li te reyalize jan l te konn raz lè l t ap chita sou fòs li tan l te rejwi nan gras la, nan kado gratis Bondye a. Li te tankou yon moun ki vle kondui yon machin, men lè l fin limen motè a epi mete vitès la sou premye, li kite pye l sou fren an, anyen pa rive. W ap ret kote w ye a, ou p ap fè yon pa kita, yon pa nago. Epoutan, li t ap si fasil pou nou peze gaz la ! Se vre, potko gen otomobil nan tan Martin Luther a, men, li te abitye ak laperèz sa lakoz lè w santi relasyon w ak Bondye p ap mache — jouk finalman, li dekovri, granmesi Lesprisen an, li pa t bezwen bat kò l pou l te jwenn gras la, paske Kris la te ofril li deja. Sa vle di si Mwen konte sou Jezi, fwa mwen p ap wont.

Kisa Jezi vle di pou mwen?

Mwen ka sonje jan m te santi m lè m te vrèman damou pou premye fwa – nan yon kan. Sanzatann, tout bagay nan mond la te sanble bél. E bél moun sa, te pi bél moun ki te genyen sou tè a. Lè l ap gade m, mwen santi m ozanj ! Malerezman kan an te dire sèlman yon semèn, chak moun te dwe tounen lakay yo. Men, aprè li te voye yon ti foto l pou mwen. Mwen te toujou pote foto san an bous mwen. Sa se te yon bél ti moman, charye esperans pou yon lavni byenere.

Nou sèvi ak imaj sa pou n dekri relasyon Jezi ak Legliz la. Legliz la se fiyanse Jezi. Li renmen l anpil. E se pou sa li te bay lavi l pou sove nou, se pi gwo demonstrasyon mèvèy lanmou Li. Ala yon bél bagay Kreyatè mond lan, Chèf Linivè, konnen nou chak jan n ye a. E se paske l konnen n twòp ki fè l damou n konsa. Mwen rete bouchbe pou jan mwen gen valè nan je Bondye. E nou pa menm bezwen bat kò n pou n gen viktwa sou tout bagay pou n ka chanpyon sou tout moun ; se pa yon konpetisyon tankou nan anpil domèn epi gen yon sèl chanpyon/loreya. Valè n pa depann de sa n ye. Nou gen valè paske Jezi se Kreyatè n. Se lanmou Jezi pou nou ki fè valè n. Ki kalte Bondye l ye ? E lè mwen kontample Li sou lakwa, mwen kòmanse wè yon lanmou san limit nou pa t merite.

Kwayans nou

Jezi te viv nan mitan moun e l bay ekzanp jistis ak lanmou Bondye. Bondye te konnen sèl langaj moun ta renmen konpran se LANMOU. « Pa gen pi gwo lanmou pase bay lavi w pou zanmi w » (Jan 15.13). Jezi te mouri. Li resisite. Kounye a L ap sèvi nan tabènak selès la nan non nou. Nou pa bezwen peye pou padon peche nou yo ; n ap sèlman mande padon. « Li fidèl, e l gen kapasite pou padone epi wete tout peche » (1 Jan 1.9). San n pa merite sa, gras Bondye kouvri n. Men, gras la pa piyay. Nou gen pou n rann kont. Chak fwa n sonje gras la se yon kado, nou wè ki fason pou n konpòte n.

« Nan lanmou san limit li ak pitye l, Bondye te fè Kris la ki pa t janm peche, tounen peche pou nou, konsa nan Li nou ta ka tounen jistis Bondye. Sou enflyans Lesprisen an nou santi bezwen n, nou rekonèt nou koupab, nou repanti de transgresyon n yo, epi nou viv lafwa nou nan Jezi kòm Sovè ak Senyè, ranplasan ak ekzanp. Lafwa sa ki sove n nan soti nan pouvwa diven pawòl la ak kado gras Bondye a. Granmèsi Kris nou jistifye, Bondye adopte nou pou pitit li, e li delivre n anba dominasyon peche. Granmesi Lespri a nou fèt yon lòt fwa epi n sanntifye. Lespri an ba nou panse ki nèf. Li ekri lwa lanmou Bondye a nan kè nou, epi nou resevwa puisans pou nou viv yon lavi sen. Lè nou rete nan Li nou tounen patisipan nan nati diven an epi nou gen asirans redanmsyon pou kounye a ak pou jijman a. Jenèz 3.15 ; Ezayi 45.22, 53 ; Jeremi 31.31-34 ; Ezekyèl 33.11 ; 36.25-27 ; Abakouk 2.4 ; Mark 9.23, 24 ; Jan 3.3-8, 16 ; 16.8 ; Women 3.21-26 ; 8.1-4, 14-17 ; 5.6-10 ; 10.17 ; 12.2 ; 2 Korentyen 5.17-21 ; Galat 1.4 ; 3.13, 14, 26 ; 4.4-7; Efezyen 2.4_10; Kolosyen 1.13, 14 ; Tit 3.3-7 ; Ebre 8.7-12 ; 1 Pyè 1.23 ; 2.21 ; 2 Pyè 1.3, 4; Revelasyon 13.8 ».²

Apèl

Èske ou te planifye pou w peche pandan w met nan tèt ou pral padon apresa ? Èske w te pran gras Bondye a pou lisans ? Èske n dwe kontinye peche pou gras la ka ogmante ? Èske nou te panse nou dwe peche anpil pou nou ka jwenn padon ?

Nou sove ak gras granmesi lafwa. Kenbe men Bondye e pa janm lage li. Li lè li tan pou n gen yon relasyon onèt ak Bondye. Èske sa se anvi w ?

Kesyon pou deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

- 1- Ki sa w vo [ki valè w] ?
- 2- Pou kilès ou ye ?
- 3- Kisa yo te peye pou mwen ?

Kesyon pèsonèl

- Kisa vèsè biblik sa vle di pou ou : « Yo te achte w chè anpil [yon pri Kris la peye]; pa tounen esklav moun [men, esklav Kris] » (1 Koretyen 7.23) ?

¹Brecht, Martin. *Martin Luther*. tr. James L. Schaaf, Philadelphia: Fortress Press, 1985–93, 1:460, as quoted in the Wikipedia article "Diet of Worms."

²General Conference of

Seventh-day Adventists, *Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version)* (Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013.) Retrieved from <http://www.adventist>

JOU 3

KRIS KOM NANNAN LAVI NOU

(*Solus Christus – Kris Sèlman*)



Mwen chwazi w – pou tout tan m ap respire !

Ki dènye fwa w te priye ? Èske lapriyè fè w vin fò osnon li fè w santi w vid ? Ou kontinye fè sa paske w konnen l ap fè w rive jwenn prezans Bondye osnon paske w konnen li se yon bon abitid, menmsi l pa oblige fè enpak sou lavi w ? Èske se yon bagay ou fè pou fè, kote w toujou ap di menm mo yo ? An n di, lapriyè w la se yon lis bezwen sèlman l ye. Lè tout moun reyini legiliz la pou pataje eksperyans yo sou lapriyè w ap priye pou tan an gentan pase paske sa fè lontan depi w pa viv yon bèle eksperyans ak Bondye. Si w te viv sa, alò an n konsidere lavi Martin Luther. Lè l t ap viv nan monastè a, li menm ak lòt mwàn yo te gen yon tan fiks pou yo priye. Menmsi sa se ta yon tradisyon ki vid, men, sa te make l pou tout lavi l.

Kontèks istorik ak entèpretasyon tablo a

Martin Luther te nèg lapriyè a. Lè l ap priye li te santi pòt kay Bondye a louvri pou li. Lè l t ap etidye Bib la osnon lè tout bagay yo mabyal pou li, lapriyè mete l an kontak rapid rapid ak Bondye. Jodi a nou ka imajine ki kouraj sa te mande pou w te kritike Legliz la, li menm ki t ap gouvène sou tout aspè lavi a. Kounye a, moun pifò peyi nan blòk oksidental la lib pou chwazi nan ki kominote lafwa yo vle ye. Men, sa pa t konsa lontan. Nan anpil peyi ewopeyen, chak moun manm menm legliz la, legliz inivèsèl la, Legliz Katolik. Nenpòt moun ki te kont Legliz la, devan tout moun Pap la di w se eretik, kidonk yon rejè. Nenpòt moun ki ta pral kanpe anfas kalte presyon sa te bezwen gen bwa dèyè bannann li. Martin Luther te jwenn pi gwo èd la nan Jezi, se sa k fè lapriyè te enpòtan konsa pou li.

Yon lòt fwa ankò nou pral pote atansyon nou sou pati anba Otèl Refòm nan pou nou konsidere pou yon ti tan rezon Martin Luther te renmen priye konsa. La nou jwenn kris nan mitan tablo a. Yo te te fenk krisifye l pou peche n yo. Lè nou gade nan vizaj li, nou ka santi jan l t ap soufri. Li poko mouri. Tèt li panche yon bò, san ap koule soti nan blese l yo. Kò l kraze ak kout baton. Men l yo detire sou lakwa. Jan l ye a, ou pa ta di se li menm menm yo fè tounen kwa a. Si n konsidere pati anba tablo a nan kontèks tout Otèl Refòm nan, se kòmsi Jezi louvri de bra l pou tout pran chay nou yo, tout soufrans mond lan, peche n yo, Legliz la, ak mond lan. Nan strikti tablo a, atis la, Lukas Cranach, mete sèn soupe Senyè a dirèkteman anba predèl la, tankou yon senbòl pou tout Legliz. Konsa Jezi pote nou tout, chak jou, sou bra li ki te detire. Lè m reyalize sa, gen yon sèl bagay mwen ka di : Mèsi, Jezi !

Fason Martin Luther te priye

Nan tan Martin Luther, moun yo te konn priye anpil. Men, jeneralman yo te konn lapriyè yo pa kè, tankou Wozè a, sa pa t mande twòp refleksyon. Chak jou se menm leson an. Yo te panse plis ou resite se plis w ap jwenn asistans Bondye. Men, sa pa t ede nan anyen, paske kè a te vid. Lapriyè a te manke tounen yon bagay konsa konsa, yon bon zèv ki te fèt pou fè Bondye plezi. Rapid vit, Luther te rekònèt enpòtans lapriyè pèsonèl ak lapriyè publik pou nouvo Legliz Refòm nan. Se sa k fè, an 1522, li ekri epi fè publiye plizyè rekèy lapriyè ki te fè pati tèks yo te plis publiye nan epòk sa. Yo pa t gen ekzanz lapriyè sèlman. Yo te genyen tou explikasyon ak sans *Dis Kòmandman yo, Lapriyè Senyè a*, ak lòt vèsè enpòtan nan Bib la.

Martin Luther te gen Pierre Beskendorf, yon bon vye zanmi l, ki t ap monte lesyèl pa do, li ekri yon liv spesyal pou li, « **Une façon simple de prier** ». Liv sa pa janm pèdi valè l. Li kòmanse ak pwòp eksperyans li : *Mèt Pyè, m pral di w tout sa m konnen ak tout sa m ka fè*

pèsonèlman lè m priye. Se pou Senyè a fè ou menm, ansanm ak tout lòt yo, fè plis bagay » ! Li kòmanse ak yon premye konsèy.

« Lapriyè se premye bagay pou w fè lè w reveye ak dènye bagay pou w fè anvan w dòmi. Veye sou tèt ou anpil anpil kont move lide sa yo ki ap di w : “Fè yon ti tann toujou ; M a priye talè ; Mwen dwe al fè tèl bagay anvan”. Kalte lide sa yo fè n toujou okipe ap regle lòt koze epi n pa janm gen tan pou n priye. »

Men, kijan nou dwe priye ? Konsèy Martin Luther se pou nou pa kite lespri n panse sa l vle. Nou dwe li vèsè nan Bib la pou dirije lide n sou Bondye ; egzanp lapriyè Senyè a (Matye 6.9-13), osnon Dis Kòmandman yo (Egzòd 20.3-17). Li te pran tan pou l byen reflechi sou chak gress vèsè pasaj sa yo. Li bay pawòl yo anpil konsidérasyon, pou l ka konprann yo. E aprè, dapre eksperyans li, li di nou pa dwe kòmanse pale menm moman an, men, nou dwe tandem anvan. “Paske se Lespri Sen an menm k ap pale ak nou.” Martin Luther toujou eseye poze kat kesyon, sou kat eleman.

- 1- **Kisa vèsè biblik sa di nou sou Bondye ?** Ak kesyon sa, Luther ap chache aprann sou Bondye – yon prensip fondalnatal ki enpòtan pou lafwa nou ; kisa pasaj sa di nou sou nati ak volonte Bondye. Kisa Bondye ap aprann nou kounye la menm ?
- 2- **Poukisa pou m di l mèsi ?** Kisa Bondye fè m kado la ? Nan vèsè m sot li a, Bondye fè m kado yon bagay. Refòmatè a pran tan sou kesyon sa, paske syèl la louvri pou moun ki rekonesan.
- 3- **Pou ki bagay mwen dwe mande padon ?** Konbyen fwa mwen te blyie remèsyé Bondye pou gras li fè m yo ? Sa vle di nou bezwen koreksyon. Nan sans sa, konfese peche n yo epi resevwa padon pou mal nou fè yo enpòtan.
- 4- **Kisa mwen ka mande?** Sa se kote nou pale ak Bondye sou tout bagay nou gen nan kè nou. Egzanp, swèt ak anvi n yo, onson bezwen pou Bondye entèvni yon fason konkè.

Pou Martin Luther, kat kesyon sa yo se kòm bon zouti pou lapriyè. Se konsa yon konvèssasyon tabli : li koute, epi Bondye reponn. Nan fason sa, li ka pote bay Bondye, nan lapriyè, tout sa k twò lou pou li yo ; e lapriyè pa fèt nan yon sèl direksyon. Se yon dyalòg reyèl, yon konvèssasyon ak Bondye. Sila k ap priye yo ap tann yon repons. Sa se bonjan lafwa k ap aji. Martin Luther montre se Bondye menm ki te di lapriyè se yon pati esansyèl nan lafwa. Se Bondye menm ki pase nou lòd pou n priye. Li pwomèt l ap reponn lapriyè nou yo. Li menm ba nou yon egzanp sou fason pou n priye granmesi Pitit Li a, Jezi : « Papa nou ki nan syèl la ». Sila yo ki kwè nan pwomè la p ap wont.

An reyalite, lapriyè sanble ak komunikasyon ant de moun ki apresye youn lòt anpil. Ou pa senpman ap babye, ou pran tan pou w koute. E plis nou konnen youn lòt, se plis gen koze pou n di. Luther te fè lapriyè tounen yon priyrite. Plis li te okipe, se plis li t ap priye, tèlman l te vle ret konekte ak Bondye e mete Bondye nan tout sa l ap fè. Luther te pale souvan sou lapriyè. Men kèk nan sitasyon l yo : « Mwen gen anpil bagay pou m fè jodi a, kidonk mwen bezwen priye anpil » ; « Mwen tèlman gen bagay pou m fè mwen dwe pase bon tan nan lapriyè pou m ka fin fè tout nèt » ; « Travay yon kretyen se priye. »

Kijan Nou ka priye

Imagine w ou nan yon bèle fanmi. Nou tout ap viv ansanm. Nan fanmi w gen ou menm, paran w yo, frè ak sè w yo, boubout la, timoun ou yo, e petèt gran paran yo, tout moun ap viv nan menm kay la. Men, nou pa janm pale yon ak lòt. Pyès moun pa gen anyen pou di ak lòt la ; nou sèlman ap monte desann ak je nou kole nan “Smartphone” nou. Sèl kote n pale se nan kizin nan. Nou chak se koze n n ap regle. Èske sa t ap reyèlman yon bèle fanmi ? Men, non. Jodi a nou konnen pou gen kè kontan ak reyisit – kit se nan maryaj ak fanmi, nan Legliz, ledikasyon osnon nan travay – fòk gen bonjan komunikasyon. Gen anpil kou, seminè ak pwogram yo òganize nan domèn sa. An reyalite, plis nou kominike pi byen youn ak lòt, se plis nou konnen nou youn lòt. De moun ki damou pa janm sanble pa gen koze pou yo di, e se konsa yo aprann konnen youn lòt pi byen. Se menm jan an nan relasyon n ak Jezi. Kijan Li ka pale ak nou si nou pa koute Li. Kijan nou ka espere konnen L si n pa pale ak Li. Ou pa kapab di w konnen yon moun popilè sèlman paske w wè l nan televizyon ! Konnen yon moun plis pase sa. Sa vle di nou kominike ak li. Fason n kominike sou rezo sosyal yo, osnon je nan je, vin nan dezyèm pozisyon.

Si n gad nan Bib la, n ap dekovri byen vit kijan lapriyè te gen sans pou moun nan Bib la, jan l te « nòmal » pou yo te pataje tout jwa ak anvi yo, tout tray, tèt chaje yo, e menm kòlè yo ak Bondye, nan Lapriyè. Liv Sòm nan gen anpil lapriyè pèsonèl David ak lòt otè ekri. Li empòtan anpil pou n pran tan pou n medite sou yo. Pou yo menm, menm jan ak Luther refòmatè a, lapriyè se te pòt ki mennen nan prezans Jezi, pou tout lavi – menm jan ak yon bèle maryaj.

Kwayans nou

Se yon gwo erè pou n kòmanse jounen an san nou pa pale ak Kreyatè a epi chache rekonfò nan men Bondye pou n afwonte jounen an. Ellen G. White ekri : « Si Redanmtè a, Pitit Bondye a, te santi nesesite pou l priye, nou menm pòv pechè latè, nou ta dwe santi nesesite sa plis, tanzantan » – Vers Jésus, p. 93. Lapriyè se yon fason pou n sonje kilès ki nannan lavi n. Nan lapriyè nou rekonèt puisans Bondye e nou fè rekèt nan non Jezi sèlman ! Jezi anvan tout bagay. Nan Li tout bagay kontinye ekziste (Kolosyen 1.17). Jezi se baz lavi nou. Jezi se Levanjil la. Se nan Li menm tout bagay te keye. Se pou rezon sa yo, nou ka rive jwenn Jezi nan lapriyè.

« Bondye, Pitit etènèl la, te vin pran chè nan Jezi. Nan Li menm : tout bagay te kreye, karaktè Bondye revele, redanmsyon limanite akonpli, e mond lan jije. Kris se Bondye pou tout tan gen tan. Kris la te tounen moun tankou nou. Lespri Sen an te fè l, vyèj Mari pote l nan vant li. Li te te fè eksperyans tantasyon menm jan ak tout moun. Men, li bay egzanp ladwati ak lanmou Bondye. Nan mirak Li yo Li montre Puisans Bondye, e li te sètifye Li se Mesi Bondye te pwomèt la. Li te chwazi soufri epi mouri sou lakwa pou peche nou e nan plas nou, Li te leve nan mitan mò yo, e li monte nan syèl la pou sèvi nan tabènak selès la nan non nou. L ap tounen ankò nan glwa li pou delivrans final pèp Li a e pou restore tout bagay » – Ezayi 53.4 ; Danyèl 9.25-27 ; Lik 1.35 ; Jan 1.1-3 ; 5.22 ; 10.30 ; 14.1-3, 9, 13 ; Women 6.23 ; 1 Korentyen 15.3, 4; 2 Korentyen 3.18 ; 5.17-19 ; Filipyen 2.5-11 ; Kolosyen 1.15-19 ; Ebre 2.9-19 ; 8.1, 2.²

Apèl

Anpil fwa, nou meprize moman lapriyè osnon nou mete l pou pita, osnon n pa priye menm. N ap viv nan yon tan frajil. Nou an sekirite sèlman lè nou rete nan komunikasyon tanzantan ak Bondye. Se moman pou n pran tan pou n priye. Kòmanse priye poukout ou, ak fanmi w e ak Legliz la ! Gen yon kote pou w kòmanse priye ! Èske n ap pran angajman pou fè sa jodi a ?

Kesyon pou deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

- 1- Kòm Advantis Setyèm Jou, kijan nou fè ekilib ant lalwa ak lafwa?
- 2- Diskite sou fason w ka kòmanse Refòm nan legliz ou, nan kominote w la ?

3- Èske li nòmal pou n priye nan yon liv « litiji » osnon lapriyè nou dwe toujou « soti nan fon kè nou » ?

Kesyon pèsonèl

Èske lapriyè dwe chanje nou, konpòtman nou, elatriye ; osnon li dwe chanje mond lan ak sa k antoure n yo.

- Kisa 2 Kwonik 7.14-15 vle di pou ou ?

¹J. J. Pelikan, H. C. Oswald & H. T. Lehmann, Eds., *Luther's Works*, American Edition, Vol. 43. "Devotional Writings II" (Philadelphia: Fortress Press, pp. 193-211).

²General Conference of Seventh-day Adventists, *Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version)* (Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013. Retrieved from <http://www.adventist.org/en>

Jou 4

LEGLIZ LA, YON PRETRIZ POU TOUT KWAYAN YO



Nou tout se youn, e Bondye renmen nou tout !

Kilès mwen ye ? Non ak nimewo idantifikasyon m nan. Se vre, nan pyès idantite m nan gen yon foto m tou. Paran mwen te ban mwen non sa, e Leta te ban m nimewo idantitifikasiyon an. Pou achte ak kat kredi/debi osnon itilize rezo sosyal yo, mwen ka deside ki non itilizatè mwen vle genyen. M ka chwazi sa libelibè, e ale sou li ak modpas mwen chwazi a. Lè m ap jwe sou entènèt, mwen kreye yon lòt karaktè ak indantite konplètman nouvo. Konsa mwen se moun mwen vle ye a, yon moun enpòtan, entèlijan, yon gwomoso, yon moun atiran. Men, kilès mwen ye reyèlman ? Èske se moun mwen ta renmen ye a ? Èske se sila mwen reve ye a pandan mwen ap reve je klè lòt moun ki sanble gen tout bagay mwen reve genyen ? Osnon mwen se moun mwen jis vle toujou ap kouri pou li a ? Sila ki fè mwen tèlman nève a paske, bripsoukou, mwen paka rekonèt tèt mwen ditou, menm nan sa m ap panse ak sa m ap fè ? Nenpòt sa nou fè, kesyon sa toujou vini nan tèt nou pandan n ap viv.

Kontèks istorik ak entèpretasyon tablo a

Luther te konn ap poze tèt li kesyon sa toutan. Èske mwen senpman yon ti mwàn ki soti nan ti peyi yo rele Almay la, jan Pap la te di yon jou a ? Èske mwen se chèf seksyon anpil peyzan met tout lespwa yo sou li pou fè opozisyon kont sistèm sa k ap prita yo a ? Èske mwen

se yon vanyan gason mas pèp la resevwa ak gwo chalè paske mwen mande pou Legliz Katolik Womèn nan reyalize refòm majorite prens alman yo t ap reklame a ?

Nan tan sa, sosyete a te divize an twa gwoup. Tout moun te ka wè sa toupatou nan lavi piblik la. Te gen mas pèp la, pifò se agrikiltè, peyizan ak atizan. Sou tèt yo te se klèje Legliz la kòm dirijan relijye, e finalman noblès la, gwo chabruk yo, kòm dirijan nan Leta ak nan sosyete a.

Tout moun te ka wè san nan chak legliz : grantoryan yo te gen plas espesyal nan kazyé wayal la, li te rele *Schwalbennester*. Klèje a te gen plas li pati devan legliz la, kot koral la, la te gen bèle ban byen dekore. Tout lòt moun yo te dwe ret kanpe nan mitan ak nan koulwa prensipal legliz la. Se te yon sosyete ki te divize anpil. Konsa, se te kèk gress fwa Martin Luther te jwenn otorizasyon pou l vizite pwotektè li a, Prens Frederik Saj la, malgre yo t ap viv prèske nan menm lokalite. Tout sosyete a, legliz la tou, te soufri anba segregasyon sa. Nan abiye ak nan manje chak moun ka wè ran yo. Tout bagay sa yo te patisipe nan fè moun yo konprann se Bondye ki fè tout bagay konsa, kòmkwa, pèsòn pa t gen dwa chanje anyen. Jan w ye a, se sa Bondye chwazi pou ou.

Nan lane 1520, Martin Luther pibliye yo bon bon liv, ekivalan tit la an Kreyòl se : « *Sou Libète yon Kretyen* ». Li te prezante yon nouvo modèl [pou] sosyete kretyèn nan. Luther te deklare : « Yon kretyen se moun ki pi lib nan tout bagay, e ki pa restak pyès moun, yon kretyen se sèvitè ki pi responsab nan tout bagay, e ki soumèt li ak tout moun ».¹ Si n annik gade premye deklarasyon sa konsa konsa, li sanble lage moun nan konfizyon. Men, ak konesans sou jan bagay yo te konn fèt nan tan sa, yon deklarasyon konsa se te yon envitasyon pou deba ak dyalòg, ak entansyon pou pwovoke yon diskisyon piblik, nou ka konprann kounye a poukisa Luther te chwazi mòd deklarasyon sa pou entwodui youn nan deklarasyon prensipal Refòm nan nan mitan moun ki fòme yo. Premye deklarasyon an te refere a lavi yon kretyen Bondye te libere pou viv yon lòt lavi ; dezyèm nan fè referans a relasyon moun ak moun. Yon kretyen Bondye te aksepte e libere, p ap janm eseye chache yon sans pou lavi l pou l pa jwenn li. Lè l fin bay lavi l yon sans l ap ka konprann pwoblèm ak nesesite lòt yo. Yon kretyen konsa kapab fè tèt li travay anpil pou jwenn kijan pou l ede tout moun ki nan bezwen epi pataje lanmou l te resevwa nan Bondye a. Se konsa l ta dwe ye nan Legliz la.

Se bonjan konpreyansyon lanmou Bondye a, ak konpreyansyon Legliz la, dapre Luther, Lukas Cranach desine nan tablo sou otèl Refòm nan, kontrèman a tab byen long yo te konn sèvi manje nan jou sa yo. Moun ki te pi enpòtan an te chita nan tèt tab la, moun ki te pi pòv te dwe nan pye tab la. Sou yon tab won pa gen ni tèt ni pye. Tout moun egal. Menm Jida, ki ta pral

trayi Jezi, te toujou chita toupre Jezi. Bò kot Jezi nan lòt bò a, nou ka wè apot Jan, e adwat tablo a, nou wè Luther menm. Li pa abiye tankou yon mwàn ankò, ni tankou yon pwofèsè inivèsite, men, tankou yon chevalye, "George". Sa, se lè l te sanble ap viv sou yon fo non nan chato Wartburg a. Luther chita tankou yon sitwayen òdinè ak Jezi sou tab soupe a. E, Lukas Cranach, ptit la, ap lonje gode ji rezen kominyon an ba li. Cranach desine tèt li abiye tankou grannèg pou montre devan Bondye pa gen diferans, nivo sosyal. Nan prezans Jezi, pa gen ni premye ni dènye, ni aristokrasi ni sitwayen òdinè, men, senpman ptit Bondye. An pasan, lòt moun ki sou tab kominyon an pa moun yo desine konsa konsa. Se moun yo te konnen nan vil la. Nan mitan yo nou gen gwo enprimè liv la, Melchior Lotter, ki te enprime anpil liv pou Luther. Nan prezans Jezi legliz la ak sosyete fè youn.

Kijan martin Luther te konprann pretriz tou kwayan yo

Luther te wè legliz la tankou yon plas kote Bondye te renmen tout moun e l te konsidere yo egalego, san l pa konsidere pozisyon sosyal yo. Ou pa bezwen soti nan fanmi rich, ki fòme, ki gen lajan, tout sa k enpòtan an se vin jwenn Jezi. Pi bon kote ki genyen nan sans sa, se Legliz – lè tout moun rasanble pou adore – menm jan yo desine disip yo nan tablo soupe Senyè a ki rasanble ansanm pou yo ka ansanm ak Jezi. Sa se bonjan fondasyon yon Legliz Kretyèn, nan yon sans, se santral enèji ki fè nou fò a, e motè ki kondui nou kòm Legliz.

Nan dedikas batiman legliz nan Torgau a, premye edifis nouvo Legliz Pwotestan, Martin Luther konsidere « sèvis adorasyon an » an tankou yon okazyon kote, an menm tan, n ap rann Bondye sèvis e Bondye ap rann nou sèvis. Nan sèmon l lan, li te dekri Legliz tankou yon bagay ki konsakre a Jezi nan lide pou l kapab yon kote Senyè a ap pale ak moun ki rasanble nan espas la, granmesi Bib la, pandan, yo menm tou, y ap pale ak Jezi granmesi chan louwanj yo.

Nan sèvis adorasyon Legliz la, tout kalte moun rasanble, soti nan ti malere yo rive nan sila ki byen chita nan sosyete a ak nan Leta a. Gen moun ki te toujou ret la, menm jan ak refijye ki soti nan lòt peyi – sa se Legliz la. Men, nan adorasyon an, Bondye pa fè diferans. Li pale ak tout moun, san diskriminasyon. E nou reponn ansanm—ak yon sèl vwa—lè n ap priye epi chante. Lè sa, sanble se tankou mond lan t ap vire tèt anba. Jeneralman, gen yon pakèt bagay ki ka divize nou : laj, sèks, nasyonalite, richès ak posesyon, edikasyon, elatriye, – nan Legliz la nou tout fè yon sèl—paske Bondye renmen nou e li te kreye nou chak la. Sa se yon mòd libète konplètman nouvo—kado libète a soti nan Levanjil la.

Libète sa pa t soti nan kèk bagay Luther te viv. Lè Martin te fèt se te « Martin Luder ». Men, nan la almngajan an, siyati sa se pa yon bèl mo : li vle di yon gate sa. Se poutèt sa, dapre sa

yo di, Luther te bay tèt li yon lòt non. Nan lane 1512 yo, li te kòmanse rele tèt li « Eleutherios ». Mo sa te soti nan grèk la – lang Nouvo Kontra a – ki vle di « sila ki lib la ». Après, li sèlman itilize abrevyasyon an, li rele tèt li « Luther ». Konsa nouvo non li te genyen an te montre lòt lavi l jwenn nan Kris la. Li te vin lib, li te eksperimente Levanjil la nan pwòp lavi l, e li te chache fè kolonn ak sila ki te fè menm ekspéryans la.

Kijan nou tout ka fè yon sèl ?

Èske, sa rive, ou rankontre yon moun e w te wè l se kretyen lapoula, kwayan parèy ou ? Ebyen, se paske bonjan inite kretyen an chita sou prensip yon lòt lavi nan Kris. Li baze sou sa nou pa wè, kò spirityèl Kris la, ki fêt ak kwayan yo – se pa yon denominasyon, men, se tout kwayan nan tout mond la. Sila ki pran nesans nan lachè se lachè, e sila ki pran nesans nan Lespri se lespri. Pa sezi, mwen di w, ou dwe pran nesans ankò (Jan 3.6, 7).

Nan pasaj pi wo a nou wè Jezi ap di Nikodèm li dwe pran nesans ankò. Lespri Sen an se ajan lòt nesans sa. San Lespri Sen an w paka vin pou Jezi (Women 8.9). Bondye envite n pou n fè youn nan yon sèl Lespri.

Legliz la se plas kote nou ka santi, nan yon fason spesyal, Jezi la ak nou. Mwen sèten nou tout te viv kijan yon chanson, yon sèmon, yon diskisyon lekòl saba osnon yon senp fratènizasyon ak lòt manm legliz la te vrèman fè kè n kontan. Nan moman sa yo sanble Jezi te la nan mitan nou. Se sa menm nou gen entansyon mete nan legliz la. Disip Jezi yo te fè menm eksperiyans sa.

Petèt ou ka di : se sa mwen reve, men, eksperiyans mwen gen nan legliz sa vrèman diferan. Gen chirepit, batay pou enflyans, pouvwa ak pozisyon ofisyèl. Mwen santi moun yo pa pran mwen menm ak kesyon m yo oserye. Mwen vle, ak tout fòs mwen, viv zanmitay ak Jezi, men mwen pa santi twòp lanmou nan Legliz la. Malerezman, an reyalite sa se verite. Se kòmsi w ap eseye kondui yon machin, men, fren an sere. Si w potko fè ekspéryans sa, ou ka eseye l pou tèt ou. Si fren an sere, l ap difisil pou w avanse jan w ta vle a. W ap santi yon bagay ap rale w tounen. E si w fòse, lafimen ap kòmanse soti nan kawoutchou yo e w ap pran yon move sant. Kisa w sipoze fè nan ka sa ? Kawoutchou yo paka vire byen, e kòm konsekans, yon otomobil k ap fonksyone trè byen vin tounen yon adikwòkwò.

Alò ki solisyon ? Se pou n aprann premye leson Levanjil la anseye nou an ! Nou tout se yon sèl nan lanmou Bondye ak lagras Li ba tout moun ki kwè yo. Tèt kole nan mitan kwayan yo se yon koze enpòtan nan Bib la. Sa sitèlman enpòtan pou Jezi li te priye pou sa jis anvan li te ale sou lakwa.

Jezi te pale nan mo sa yo, leve je li anwo e te di (Jan 17 :1-3, 21-22) :

1. Papa, lè a rive : glorifye Ptit ou, yon fason pou Ptit ou glorifye w.
 2. E, nan mezi pouvwa w ba li sou tout sa k gen chè sou yo, li bay tout sila w ba l yo lavi etènèl !
 3. Deja, lavi etènèl, se konnen yo konnen w, ou menm, sèl vrè Dye a, ak sila w te voye a, Jezi.
21. Yon fason pou tout moun fè youn. Tankou ou menm, Papa, ou nan mwen e mwen nan ou, se pou yo tout nan nou, yon fason pou mond lan kwè w voye m.
22. Mwen ba yo glwa w te ban m nan, pou yo kapab fè youn tankou n se youn nan :

Pòl raple nou se Senyè a ki prepare kè pou reponn Levanjil la ak lafwa ki ka sove. An nou gade de vèchè biblik :

« Sila ki sove nou e ki rele nou an ak yon apèl sakre, se pa dapre zèv nou, men daprè pwòp objektif e gras nou te resevwa nan Kris anvan tan an te kòmanse (2 Timote 1.9). »

« Kounye a yon dam ki te rele Lidya te tande nou, li te machann poupr nan site Tyatir, ki te konn adore Bondye. Senyè a te louvre kè pou l konsidere sa Pòl t ap di yo (Travay 16:14). »

Pou kreye inite nan lafwa nou dwe konprann enpòtans li. Nou dwe pratike kalite k ap prezèv li, nou dwe fè efò nou nou pwoteje e prezèv li. Sa te tèlman enpòtan pou Kris, Li te mouri pou n ka genyen l ! Tout bonjan kwayan resevwa redanmsyon Kris ofri a ak gras la, granmesi lafwa sèlman. Pa gen anyen nou ka fè, awotan aksepte kado a —kado lanmou an.

Si w konen yo renmen w ou ka renmen tèt ou, e w lib pou w grandi, epi devlope kòm moun ou ye a vrèman. Si w konnen yo renmen w, ou lib tou pou w renmen lòt moun san kondisyon, menm jan Bondye renmen yo san kondisyon an. Nan pèlerinaj lafwa kotidyen nou, nou grandi e pran matirite kòm kretyen ak nan lanmou youn pou lòt, e nou pral eksperimante tou inite lafwa. Pòl pale sou sa nan Efezyen 4. 13 : « Jouk nou rive nan inite lafwa, jouk nou konnen Ptit Bondye a, yon moun san defo, nan mezi grandè Kris ». Li ranfòse pandan l ap grandi nan lafwa. Se inite sa nou gen pou nou tann Jezi, esperans redanmsyon nou an.

Kòm kretyen, fòk nou chante « nou gen lespwa sa » :

*Nou gen lespwa sa k ap bouyi nan kè n,
Lespwa nan retou senyè a.*

*Nou gen lafwa sa Kris sèlman transmèt,
Lafwa nan pwomès Pawòl li.
Nou kwè lè a pral rive,
Tout nasyon ki lwen, ki pre,
Pral leve, pou yo chante :
Alelouya! Kris se wa!
Nou gen lespwa sa k ap bouyi nan kè n
Lespwa nan retou senyè a.*

*Nou fè youn nan Kris Jezi Senyè nou,
Nou tout se youn nan lanmou Li,
Lanmou pou moun nan mond la k ap tann,
Ki bezwen lanmou Sovè a.
Syèl yo pral louvri byen laj.
Kris vin pran fiyanse Li.
Tout linivè pral chante :
Alelouya ! Kris se wa !
Nou gen lespwa, lafwa, lanmou nan Kris,
Wi, nou tout se youn nan Jezi.*

(SDA Hymnal, #214)²

Kwayans nou

Legliz la gen tout kalte moun ak tout kalte ekperyans. Lè manm yo chita sou Jezi nou santi inite ak fratenite. Ellen G. White eksplike sekrè veritab inite a, « Sekrè bonjan inite nan Legliz la ak nan fanmi an se pa diplomasi, ni administrasyon, ni gwo efò moun pou fè faskare a difikilte yo – menmsi ap gen anpil nan sa yo pou nou fè – men, se nan makònèn ak Kris la. Plis nou pi pre Kris, nou dwe pi pwòch youn lòt. Bondye jwenn glwa lè pèp li a fè youn nan aksyon amonize » – (Advent Home, p. 179). Nan kay Bondye a tout moun egalego. Rayi moun se rayi imaj Bondye. Lanmou ak lapè, amoni ak moral, lòd ak estrikti, se valè ak bél objektif ki vrèman enpòtan pou n akonpli misyon nou genyen nan tèt ansanm. Renmen ret kot frè n ak sè n ale pi lwen pase wè yo yon jou chak semèn. Patisipe nan lavi ak nan misyon Legliz la ap ede n viv nan tèt kole.

« Legliz sa se kominote kwayan ki konfese Jezi se Senyè e Sovè. Nan kontinite ak pèp Bondye a nan tan Ansyen Kontra a, nou resevwa apèl pou soti nan mond lan, e nou mete ansanm pou adore, fratènize, selebre soupe Senyè a, sèvi limanite, e pwoklame Levanjil la toupatou. Legliz la jwenn otorite li nan Kris ki se pawòl nan lachè a, ki revele nan Ekriti yo. Legliz la se fanmi Bondye ; Li adopte li tankou pitit li, manm yo viv sou baz nouvo akò a. Legliz sa se kò Kris, yon kominote lafwa kote Kris se tèt la. Legliz la se fiyanse Kris te mouri pou li a, pou Li te ka sanntifye e pirifye li, yon Legliz li te mouri pou li, li achte ak san l pou l ka san defo, sen. Lè l va tounen l a fè Legliz la parèt devan nan laglwa, san yon ti tach. Jenèz 12.1-3 ; Egzòd 19.3-7 ; Matye 16.13-20 ; 18.18 ; 28.19, 20 ; Travay 2.38-42 ; 7.38 ; 1 Korentyen 1.2 ; Efezyen 1.22, 23 ; 2.19-22 ; 3.8-11 ; 5.23-27 ; Kolosyen 1.17, 18 ; 1 Pyè 2.9. »³

Kesyon pou deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

- 1- Kisa inite vle di pou ou ?
- 2- Poukisa l enpòtan pou gen inite nan lekòl la ? Nan travay la ? Nan kominote a ? Nan gwoup nou an ?
- 3- Kijan n ka rete nan tèt kole nan Legliz la malgre diferans yo ?
- 4- Èske inite ak doktrin ka abite ansanm ? Kijan nou ka respekte doktrin yo pandan nou ret nan tèt kole ak sila ki pa pataje lafwa n yo ?

Kesyon pèsonèl

- 1- Kijan w pral kreye inite lakay ou, nan maryaj ou, nan fanmi w, nan legliz ou, nan kominote w, lekòl ou, elatriye ?
- 2- Chache pou tèt ou e mande Bondye pou revele w kisa ou dwe fè pou ede kreye inite nan tout sitiyasyon.

Pwomès Bondye pou ou

Jezi te priye pou w fè youn ak Li menm jan Li youn ak Papa. Li Jan 17.20-26

¹Henry Wace and C. A. Buchheim, *First Principles of the Reformation*, London: John Murray, 1883. Retrieved from

<http://sourcebooks.fordham.edu/mod/luther-freedomchristian.asp>.

²Seventh-day

Adventist Hymnal. (1985). Hagerstown, MD: Review and Herald Publishing Association, 214.

³General Conference of Seventh-day Adventists, *Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version)*

(Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013. Retrieved from <http://www.adventist.org/en/beliefs>.

Jou 5
SOUPE SENYÈ,
YON MOMAN KOMINYON



Bò kot Jezi

Èske w sonje santiman ki t ap travèse w denyè fwa w te santi w sèl la, ou poukont ou ? Petèt youn nan rèv ou yo fenk disparèt. Ou sot echwe nan yon egzamen, sa ki kraze tout bagay. Ak tout sa, moun ou te konsidere kòm pi bon zanmi w lan ki vire do ba w. Se li w te plis fè konfyans, men kounye a se li k ap simaye tout kalite koze sou ou sou tout rezo sosyal, li pa sèlman fè tout moun konnen ou pa pase egzamen an, men, l ap di tou kijan w te toujou yon echèk. Yon move egzanp sibè-entimidasyon, e w paka fè anyen kont sa. E kounye a tout moun konnen w se yon gwo kreten/kretin. Èske w sonje yon santiman tèrib konsa ? Osnon w santi w lèd devan lòt moun, ou santi w vilnerab epi yo voye w nan kwen ? Pa gen bagay ki fè w pa fè plis mal pase sa. Yon sèl kou w reyalize kijan w poukont ou. Totalman sèl. Tout sa w rete se anvi pou yo ta renmen w aksepte w.

Kontèks istorik ak entèpretasyon Tablo a

Luther te eksperimante santiman rejè sa kòm mwàn. Li te santi Bondye t ap jwe yon vye jwèt ak li. Li te ka menm poze tèt li kesyon sa : *kijan Bondye sa ka rele tèt li Bondye Renmen ? Pri li mande pou lanmou sa sitèlman chè, pyès moun p ap janm ka peye l : mwen paka obsève kòmandman yo. Mwen eseye, men mwen echwe kòm dabitid, e se sa k fè mwen kondane pou rete nan peche. Mwen pè.*

Nan legliz Mwayen Aj la, anpil moun te pè Bondye, pè lanmò, e pè pou Bondye pa ta abandone yo. E legliz la te sèvi ak laperèz sa yo pou fè mago yo. Te gen kòmès endiljans/padon, ou te dwe peye pou padon peche w yo. Swadizan te gen yon kofrefò bonzèv ak merit, reliye ak sen Legliz la yo t ap jere—nan bagay sa, ou ka achte endiljans. E moun yo te pare pou peye gwo mago pou endiljans, lakoz laperèz. Pifò nan 95 tès Martin Luther te plake nan pòt Legliz Wittenberg la an Oktòb 1517 la, te konsène koze vann padon sa.

Kisa Martin Luther te mete nan plas endiljans yo ? Se te yon lòt konpreyansyon lasèn nan ki te elimine nesesite tout kalte endiljans : soupe Senyè a daprè egzanp Bib la. Pandan anpil syèk, soupe Senyè a te vin tounen yon enstriman pouvwa pou Legliz la. Se sèl klèje a ki te gen dwa resevwa pen ak diven an, senbòl komemorasyon soufrans ak lanmò Jezi. Manm legliz òdinè yo, layik, yo pa t gen pèmisyon pou yo resevwa diven nan Soupe Senyè a. Pou Legliz la jistifye tèt li, li di layik yo te ka ranvèse koup ki gen san Jezi a ! Kòmsi sa pa ta ka rive yon prèt. Alò, te déjà gen yon mi, yon griyaj, ki te separe kongregasyon an ak klèje a lè kominyon an.

Men, nan mitan tablo a, nou wè se kontrè a yo desine : Jezi abiye tankou yon senp disip, pa nan yon wòb litijk byen chè, jan klèje a abiye a. Ti mouton pak la nan mitan tab la. Li montre ekzgatteman moman ki dekri nan Jan 13 la, kòmanse nan vèsè 26 la. Jezi te di : « Youn nan nou pral trayi m ». Disip yo mande : « Kilès Senyè » ? Jezi di : « se ap sila mwen bay moso pen an ». Epi Li bay Jida li, men disip yo t ap poze tèt yo kesyon. Nan mitan tout kesyónman yo, nou wè yon jèn gason kanpe deyò sèk la, li lonje men l pou bay gode diven an (se Lukas Cranach, pitit la) l ap bay Martin Luther li. Konsa atis pent la dekri yon bagay ki fò nan ekspéryans emosyonèl Refòm nan. Imilyasyon senp manm Legliz yo nan kominyon an te dwe rive nan bout li. Finalman, pifò nan yo pa t konprann sa k te pase nan Soupe Senyè a. Tout bagay te selebre nan lang Laten. Pèson pa t konprann yo. Mo Laten yo te pwononse pou konsakre pen kominyon an, « *Hoc est corpus meum* », ki vle di : « Sa se kò mwen », vin antre nan anpil langaj tankou « hocus-pocus », ki ta gen sans : « mwen pa konprann ». Refòmatè yo te met bout nan konfizyon sa. 100 lane anvan sa, refòmatè Tchèk la Jan Is (Jean Huss), te gentan vin ak abitid bay ni pen ni diven nan kominyon an, modèl biblik la. Sa te vin fè youn ak

selebrasyon sèvis kominyon an nan lang Alman [Jèmani] lang pèp la, konsa tout moun te ka byen konprann li. Kounye a kongregasyon an pa t sèlman yon asistan, men, patisipan aktif nan selebrasyon Soupe Senyè a. Jodi a, nou paka imajine kisa sa vle di pou manm òdinè yo vin legliz, e yo wè y ap patisipe totalman nan sèvis la, chita bò tab la ak Jezi nan Soupe Senyè a jan sa prezante nan Otèl Refòm nan. Èske te ka gen yon bagay ki pi bèl pase sa ?

Konsa, pou Martin Luther, Soupe Senyè a se pa yon senp memoryal, men yon evènman ki rive kounye a e la menm. Jan sa te byen enspire atis pent la, nou ka wè an reyalite Soupe Senyè pa tankou yon sèn ki raple nou ansyen Palestin nan. Si w gade nan fenèt ki nan fon tablo a, ou ka wè yon peyizaj sakson (alman), yon chato, yon tab ak yon pye bwadchèn. Obsèvatè a konprann aklè : èske soupe Senyè konsène m pèsonèlman ? Èske m gen yon bon relasyon ak Jezi ?

Fason Martin Luther konprann Soupe Senyè a

Martin Luther te gen yon gwo rèv. Li te tèlman gen yon chalè pou bòn nouvèl Levanjil la, li te panse lòt moun yo ta gen menm santiman an lè yo te etidye Pawòl Bondye a. Li te espere li te ka ede lòt yo pataje eksperyans jistifikasyon granmèsi lafwa sèlman an, eksperyans li te fè pandan li te poukont li nan monastè nan Wittenberg la. An reyalite li te menm espere jwif yo rekonèt Kris kòm Mesi a, finalman.

Men, sa l te eksperimente a te yon tikras diferan, malerezman. Apre fondasyon premye Legliz Pwotestan yo, politik lanpi a te kòmanse ap enfliyanse bagay yo. Lanperè a ak Pap la te gen entansyon pou fè Martin Luther ret anpè. Men, Prens Frederick Saj la, te pwoteje l. Prens lan se te yon reprezantan Lanpi sakre Wòm nan an Almay, sa ki fè Papa la te gen yon konsiderasyon spesyal pou Prens la nan asanble yo. Men, tansyon politik yo te rete la. Nan faz sa, selebrasyon Soupe Senyè te vin tounen youn nan senbòl enpòtan mouvman Refòm nan. Gwo chabruk, sitwayen òdinè ak ansyen prêt te selebre Soupe Senyè a ansanm, e lòt legliz te pran nesans. Se te kote moun te ka antre nan prezans Jezi. Luther, Refòmatè, a te vle pwoche pi pre Jezi nan Soupe Senyè a. Pou l te kontinye chimen Refòm li te pran an, se te yon bon desizyon.

Pou Luther, li te enpòtan anpil pou pa t gen anpil sakreman nan Legliz Refòme yo, jan sa te ye nan Legliz Katolik la. Li te anseye se sèl rityèl senbolik Kris la te kòmande nou fè yo, (e pawòl Bondye a te bay esplikasyon ki klè Jezi menm te di), dwe obligatwa pou Legliz la.

Kijan mwen pi pre Jezi ?

« Kòm Advantis Setyèm Jou, nou kwè Soupe Senyè a se yon memoryal. Pen an ak ji rezen an se senbòl kò Jezi yo te matrake ak san li ki te koule. Tout manm Legliz dwe patisipe nan kominyon sakre sa paske, se la, granmesi Lespri Sen an : “Kris rankontre pèp li a, e li ba l fòs ak prezans Li... Tout sila yo ki vini ak lafwa yo fikse sou Li ap jwenn anpil benediksyon. Tout moun ki neglige moman diven sa yo ap pèdi. Se nòmal pou yo di yo : “ou pa fin pwòp nèt” » – Ellen G. White, Jesus-Christ p.656; cf. p 661.¹

Nan Soupe Senyè a, nou eksperimante Jezi, Sovè nou an, yon fason vrèman spesyal. Nan yon aksyon solanèl, nou li pawòl Jezi a, nan Lik 22.19, 20 : “Fè sa nan memwa mwen”. Sa se pa yon konsèp osnon yon ansèyman nou ka gen opinyon depaman sou li. Se yon kòmandman Jezi ki vrèman klè. Pen an ak diven an separe ant nou, menm jan Jezi te di nou fè a. Pandan nou santi pen an ak diven nan bouch nou, nou eksperimante rapwochman ak Jezi, sa nou te ka pa jwenn nan okenn lòt fason. Ou ka prèske di nan Soupe Senyè a, nou eksperimante Jezi ak tout senk sans nou – se yon pati nan nou.

Soupe Senyè a dwe yon moman rejwisans. Se pa yon moman tristès. Sèvis lavman pye a se okazyon pou w egzamine tèt ou, konfese peche w, rekonsilye, e padone. Asirans pirifikasyon an, grammèsi Sovè a, fè kwayan yo pare pou antre nan yon kominyon spesyal ak Senyè yo a. Y al sou tab Li a ak kè kontan, yo kanpe nan limyè kwa sove a... Yo pare pou selebre viktwa redanmsyon Kris la – Ceux que Croient les Adventistes, p. 229.²

Siyifikasyon Soupe Senyè a

Soupe Senyè a ranplase festival Pak la nan tan Ansyen Kontra a. Fèt Pak la te jwenn akonplisman l lè Kris, ti mouton pak la, te bay lavi L. Nan lanmou Li, Kris menm te tabli ranplasman an, gwo festival Israyèl espirityèl la nan Nouvo Kontra a. Konsa, anpil rasin senbolik Soupe Senyè a kontinye nan sèvis pak la.

Kwayans nou

Pa janm kite Soupe Senyè pase san w pa pran l. Se yon moman pou w eksperimante Gras Bondye. Nou sove ak gras, granmesi lafwa. Se pou sa nou dwe fè sa nan memwa Jezi. Nenpòt moun ki Kwè nan Jezi jwenn envitasyon pou l patisipe ladan l ouvètman. Nan liv *Ceux que Croient les Adventistes*, p. 231, nou li : « Nan yon mond ki plen chirepit, patisipasyon nou nan selebrasyon sa kontribye nan inite ak nan stabilite Legliz la. Li demonstre bonjan kominyon ak Kris la, e youn ak lòt. Pran yon ti tan sou sa apot Pòl di sou sou kominyon an : “èske gode

benediksyon n ap beni an, se pa yon patisipasyon/kominyon nan san Kris la ? Pen an nou kase a, se pa yon patisipation/kominyon nan kò Jezi ? Paske gen yon sèl pen, nou ki se pliyè – nou fòme yon sèl kò, paske nou tout patisipe nan yon sèl pen an” – 1 Korentyen 10.16, 17. »³
Sa se yon egzanp ki montre yo kase pen kominyon an ti moso, kwayan yo manje, e menm jan tout moso yo soti nan yon sèl pen, konsa tout kwayan ki patisipe nan sèvis kominyon an fè youn nan Sila yo te matrake kò l la, se ki senbolize moso pen yo. Lè yo patisipe ansanm nan òdonans sa, kretyen yo montre piblikman yo fè youn e yo fè pati yon gwo fanmi ki gen Jezi nan tèt li – SDA Commentary, rev ed., vol. 6, p. 746.⁴

Se sou tab Senyè a nou eksperimente bonjan sans kominote a. Se la nou tout rankontre sou yon menm baz, baryè ki divize n yo tonbe. Kounye a, pandan nou nan Legliz la, nou reyalize gen twòp bagay ki divize nou, nan Kris gen tout bagay ki nesesè pou n fè tèt kole. Pandan l ap pataje koup kominyon an, Jezi bay disip yo yon novo kontra. Li di : « bwè ladan l, nou tout ». Paske sa se San Nuevo Kontra a ki koule pou padon peche yo (Matye 26.28 ; Cf. Lik 22.20). Menm jan Ansyen Kontra a te ratifye nan san sakrifis bêt yo (Egzòd 24.8), Nuevo Kontra te ratifye nan san Kris. Nan òdonans sa, kwayan yo renouve angajman lwayote yo ak Senyè a, yo rekonèt yon lòt fwa ankò yo se yon pati nan yo bèle angajman, ki nan Jezi, Bondye te fè youn ak limanite. Lakoz nou se yon pati nan Kontra a, gen yon bagay pou n selebre. Konsa, Soupe Senyè a se, an menm tan, yon memoryal ak yon remèsiman pou kontra gras etènel la. Kantite benediksyon nou resevwa depann de lafwa patisipan yo.”

« Soupe Senyè a se yon patisipasyon nan senbòl kò ak san Jezi kòm yon demonstrasyon lafwa nan Li, Senyè e sovè nou an. Nan eksperyans kominyon sa, Kris prezan pou rankontre e fotifye pèp li. Pandan n ap patisipe, n ap pwoklame, nan kè kontan, lanmò Senyè a jouk li retounen ankò. Preparasyon pou Soupe a gen ladan l egzaminasyon pèsonèl, repantans, ak konfesyon. Mèt la te òdone sèvis lavman pye a ki vle di renouvèlman pirifikasyon an, pou eksprime volonte n pou n sèvi youn lòt nan modèl imilite Kris la, e pou kè n fè youn nan lanmou. Sèvis kominyon se pou tout kwayan kretyen. Matye 26.17-30 ; Jan 6.48-63 ; 13.1-17 ; 1 Koretyen 10.16, 17 ; 11.23-30 ; Revelasyon 3.20 »⁵

Apèl

An n pran angajman pou n selebre lanmò Jezi lè nou vin bonjan disip. Kounye a, nou gen lavi etènel grammèsi lavi Jezi. Mwen pare pou m pran angajman sa. E ou menm ?

Kesyon deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

- 1- Èske sèvis kominyon nan Legliz ou se yon sèvis enspire osnon yon rityèl san sans, san lavi ?
- 2- Aprè w fin tandé mesaj sa, kijan w santi w ak òdonans lavman pye a ?
- 3- Chita sou avètisman apot Pòl ki anba a, ki mòd atitud nou dwe genyen sou Soupe Senyè a ? « Se poutèt sa, nenpòt moun ki manje pen an osnon ki bwè koup Senyè a nan yon fason ki pa kòrèk ap koupab pou kò ak san Senyè a. Se pou chak moun egzamine pwòp tèt li, epi pou manje pen an e bwè nan koup la. Paske nenpòt moun ki manje epi bwè, san l pa wè kò Senyè a, bwè epi manje kont tèt li (1 Korentyen 11.27-29).

Kesyon pèsonèl

Soupe Senyè a ede nou gade anwo, gade devan. Kijan sa ye pou ou ? Pandan w ap reflechi sou lavi w, soti nan yon sèvis kominyon pou rive nan lòt, èske w fè pwogrè osnon w dekoraje ?

¹White, E. G. (1940) *The Desire of Ages*. Mountain View, CA, Portland, OR: Pacific Press Pub. Association, 656; 661.

²Seventh-day Adventists believe: A Biblical exposition of fundamental doctrines. (2005). Silver Spring, MD: Ministerial Association, General Conference of Seventh-day Adventists, 229.

³Seventh-day Adventists believe: A Biblical exposition of fundamental doctrines. (2005). Silver Spring, MD: Ministerial Association, General Conference of Seventh-day Adventists, 231.

⁴SDA Bible Commentary, rev. ed., vol. 6, p. 746.

⁵General Conference of Seventh-day Adventists, *Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version)* (Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013. Retrieved from <http://www.adventist.org/en/beliefs>

JOU 6

KONFESYON PECHE AK FOT MWEN YO

(Sola fide-Lafwa sèlman)



Padon Total kapital – Finalman libere anba tout fot ak dét

Kilpabilite a se te yon sijè ki te chaje tèt moun Mwayen Aj yo. Byen petèt sa pa chanje twòp jounen jodi a. Nou ka pa tèlman pale de sa, men, nou pran tout chay pwoblèm nou yo nou mete l sou do asirans maladi ak sou do medsen. Yon pakèt maladi soti nan lespri a anvan ; sa vle di yo soti dabò nan fason n jere lespri n, olye sa n ka enfliyanse nan yon mòd lavi ki ekilibre. Lè pwoblèm yo rive nou konn di « mwen gen yon move sansasyon anndan mwen », osnon, « sa fè n paka dòmi ». Pafwa sa konn bout nan kansè lestromak osnon nuit blanch, sèl remèd nou genyen, se somnifè. Bagay ki lou sou do n, li rale n desann e l retire tout lajwa nan kè n. Youn nan yo se kilpabilite nou yo n pa rive bliye yo.

Nan Mwayen Aj la, souvan yo te konn fè kilpabilite yo vin piblik – Yo te avili moun yo, imilye yo lè yo te mete yo nan chèn osnon nan « pilori » (foto). Si yo te pwouve yon moun koupab, pinisyon an se te tankou yo voye l jete nan sosyete a – pou yon ti tan osnon pou toutan. Si yo ta kondane w pou w al nan yon pelerinaj nan tè sen an an Palestin, ou te ka di w gen chans. Men, byen souvan se te yon santans lanmò. Gen lòt menm se konsekans Enkizisyon an ki make yo pou tout lavi yo. Antouka, yo te bay tit kriminèl, tout delenkan yo osnon sila yo te pran pou sa yo, yo te trete yo tankou moun deyò nan sosyete a, yo te fèmen yo deyò pòtay sekirite vil yo, kidonk yo vin san sekirite.

Kontèks istorik ak entèpretasyon tablo a

Lè Luther t al nan Dyèt Worms lan, li te gentan kòm yon evade. Pap la te di Luther se anatèm, li deklare piblikman li se yon eretik, yon moun ki te pèdi dwa pou l viv. Lè l fin fè depozisyon l, nan Dyèt Worms la, 18 avril 1521, lanperè a te kondane l, kòm yon vagabon epi l mete l sou entèdiksyon enperyal. Sa vle, nenpòt moun ki kwaze Luther sou chemen l te ka trennen l bay otorite y, osnon l te ka touye l – moun sa pa t ap koupab. Se konsa, Luther se yon rejè sosyete a. Se poutèt sa l te oblige kache nan chato Watburg la pandan kèk mwa annatandan tout bagay vin frèt. Se sa prens Frederik te swete.

Pati dwat tablo a reprezante padon peche yo. Johannes Bugenhagen, zanmi Luther a, ajenou devan chè a, se li menm ki te pastè legliz Wittenberg la apre Luther. Se te yon refòmatè nan Almay Nò a, nan Pomerani ak Dànmark. Pastè a te ajenou devan tout Legliz la ak devan Bondye, ansanm ak yon lòt mou ki bese tèt li. Sèn sa ta vle montre yon nonm k ap konfese k ap di: “Bondye, gen pitye pou mwen ki se yon pechè”. Konsa pastè a ka rasire l pwomès padon peche a, jan sa ekri nan Ezayi 43.25 « Se Mwen, Sila ki efase transgresyon n yo poutèt mwen, e Mwen p ap sonje peche nou yo ». Men, gen lòt bagay pou n wè sou tablo a ; pastè Bugenhagen kenbe yon kle sou tèt nonm k ap konfese peche l la.

Nan Mwayen Aj la, sa se te yon senbòl “pouvwa kle yo” Pyè te resevwa. Yo te apiye sou Matye 16.19, yo te kwè kle a te bay padon, e konsa se Pyè ak Pap yo ki te gen dwa fè moun antre nan Wayom Bondye a, e se sèlman yo menm ki te gen otorite sa.

Men, nan nouvo Legliz pwotestan an Pap la pa t gen okenn pouvwa ankò. Kounye a, sila ki vin kot Bondye pou mande l padon ak yon kè ki repanti ap jwenn padon. Se pa sa l te ye pou gwo chabruk ki adwat la, nan imaj la. Min ki nan fwon l lan montre aklè l pa repanti, padon fot li yo san empòtans pou li. Poutèt sa, li pa pre otèl la, lwen kongregasyon an. Li pa jwenn padon. Li kontinye ap pote fado kilpabilite l yo.

Pent lan montre diferans sa tou nan koulè l itilize yo. Yo te konsidere koulè jòn kòm koulè Jida (se konsa Cranach penn li), koulè eretik la ak peche. Gwo chabruk figi blaze a met yon souvètman jón. Anndan l charye peche. Li pa fè eksperyans jwa ak libète padon pote a. Finalman li kite Legliz la ki ta ka ede l jwen yon nouvo kòmansman.

Kijan Martin Luther te viv padon an?

Padon peche ak fot yo se kesyon santral Refòm nan. Se koze sa ki te fè Martin Luther konprann bagay yo yo lòt fason e kòmanse Refòm nan, e kesyon sa pa t janm pèdi sans li kèk tan

annapre. Men, lè nou eksperimente jan libète nan Jezi ak padon peche nou yo, sa pa vle di n gen patant pou n kontinye ap peche. Se pou sa nan Women 6 :12-15 nou li : « Pinga peche a gouvènen kò mòtèl nou an, e pa kite lide n yo mennen n. Pa bay manm nou yo kòm yon zouti peche ; men lage n nan men Bondye, tankou moun ki leve nan lanmò, epi konsakre Bondye manm nou yo kòm zouti pou jistis. Paske peche a p ap gen pouvwa sou nou, paske nou pa sou lwa, men, anba gras la. Kisa ankò ? Èske nou dwe peche paske nou pa sou lwa a men sou gras la ? Jamè, non ! » Martin Luther te konnen se chak jou pou n fè faskare ak peche. E menmsi nou t ap viv nan Jezi depi yon pakèt lane, jodi a pèsòn paka di peche a pa gen okenn enfliyans sou lavi l. E, malerezman, menmsi n ap mache ak Jezi depi yon bon ti tan, menmsi nou anba pouvwa Li, dyab la poko mouri. Men, couple pa dekouraje, li sa Jan di nan 1 Jan 2.1 –6 :

Timoun mwen yo, m ap ekri nou bagay sa yo pou nou ka pa peche e vyole lalwa Bondye a.

E si nenpòt moun peche, nou gen yon avoka [k ap plede pou nou] kot Papa : Jezi, nèg san defo a [korèk la , drèt la, sila ki san peche a, ki konfòme ak volonte Papa a nan tout sans, lide ak aksyon], e Li menm [menm Jezi sa] se sakrifis pou peche n yo [sakrifis ki kalme kòlè Bondye, sinon ki t ap sou nou dirèk dirèk lakoz nati peche – mondanite nou, fason nou viv la]; e pa sèlman pou nou, men tou pou [peche tout kwayan] tout mond lan. E se konsa nou konnen [chak jou] nou vin konnen Li [konprann Li e abitye plis ak Li]: si nou toujou kenbe [konsantre sou òdonans Li yo e obeyi] kòmandman Li yo (ansèyman).

Nenpòt moun ki di, mwen vin konnen Li, “men li pa toujou kenbe [konsantre sou òdonans Li yo e obeyi] kòmandman Li yo (ansèyman) se moun k ap bay manti e verite a [pawòl Bondye a] pa rete nan li. Men nenpòt moun ki toujou kenbe Pawòl Li yo e obeyi òdonans Li yo [e apresye mesaj li a an antye], nan moun sa lanmou Bondye vrèman pafè [li reyisi rive nan matirite] ak sa nou konen [ak asirans] nou nan Li : nenpòt moun ki di l ap viv nan Kris [sa vle di, nenpòt moun ki di li te aksepte Jezi kòm Bondye e Sovè] dwe [kòm yon obligasyon moral] mache e konpòte tèt li menm jan Li te mache e kote tèt Li).

Pou Martin Luther, li te enpòtan pou chak moun konprann jouk nan ki pwen li enpòtan pou n mande Bondye padon chak jou. Nan ekperyans pèsone li, li te konsyan de mankman li yo konpare ak nivo obeyisans ak sennte Bondye, abitid peche ak nan viktwa sou feblès.

(*se sa mwen dwe kwè, di se M Luther ki e ekri sa*)

« Lakoz mwen eritye mechanste ak feblès, li enposib pou m reponn ak nivo egzijans sennte Bondye mande a yo.

Si m pa kwè Bondye, granmesi Jezi, padone peche sa yo m fè chak jou e m regrès yo, konsa tout lespwa fini pou mwen.

Mwen dwe dezespere, men, mwen p ap ret sou sa. Pann tèt mwen nan yon pyebwa tankou Jida, m p ap fè sa. Mwen rann tèt mwen nan pye Jezi, tankou pechèz la. Menmsi m pi mal pase fanm sa, m ap lage m nan men Senyè a.

Lè sa, Li di Papa : "Ranvwa sa dwe sove tou. Se vre li t ap plede tansgrese tout kòmandman Ou yo, men, vwala Papa, li pann tèt li sou mwen. Kisa w vle ? Mwen mouri pou li tou. Kidonk, kite l pase !"

Se sa mwen dwe kwè. »

Li difisil pou n reyalize okenn nan efò nou yo pa konte devan Bondye : toutfwa, se sèlman lafwa ak konfyans nan Jezi ki sove n. Granmesi lanmò l, nou rive jwenn padon l. Okenn lòt bagay pa enpòtan devan Bondye, lafwa sèlman – (*sola fide*). Menm apre plizyè lane, kòm lidè Refòm XVIyèm syèk la, Luther te konsyan ni konesans li, ni eksperyans li osnon entèvansyon l lan devan Dyèt la, ni tout ane ansèyman l lan nan inivèsite a pa t vle di anyen devan Bondye.

Lè l fin mouri, yo jwenn yon bout papye nan afè l yo, petèt se anvan l mouri l te ekri sa. Men sa k nan papye a : « Okenn moun paka pretann li konprann Bib la, si l pa t gen sou kont li tout Legliz yo pandan 100 lane ak pwofèt Eli, Elize, Jan Batis, Kris la ak apot yo... Nou se mandyan – se verite ». Nan fen lavi l, li te ka fyè de tout sa l te reyalize yo, ekzanp, fondasyon yon nouvèl Legliz – toutfwa, li konsidere tèt li tankou yon mandyan ki pa t gen anyen pou l te bay Bondye. Fè konfyans epi kwè, se tout sa n ka fè.

Fason pou n viv yon lavi san kilpabilite

Nou pi fasil pale de reyisit nou yo ak sa n konn fè. Kèk nan nou se bonjan pwofesyonèl nan sans sa. Se byen. Gen moun ki tèlman bon, pèfòmans yo depase pifò moun an jeneral. Yo la pou yo jwenn yon travay k ap byen peye yo pou yo viv yon lavi san traka. Si sa te senp konsa ! Malgré nan tout plan asirans nou ta ka ye, nou paka achte garanti yon lavi ladoudous, pa gen okenn plan asirans konsa. Kisa n rete pou n fè ?

Menm jan pou lanmou, tout sa n dwe fè nan lafwa se konfyans pou n genyen. Admèt fot ou yo mande anpil anpil kouraj. Nou pito konn gen tandans fè bagay yo jwe nan favè n. Eskiz ak bèl ti manti se spesyalite n ! Souvan se lòt yo ki malfektè, se pa nou menm. Nou mal pou n di : Wi, se fòt mwen, se pa fòt lòt moun ! San diskisyon, pandan n pare pou repare erè nou kote sa posib ! Se youn nan eksperyans ki pi difisil – men tou, ki pi bèl – yon pitit Bondye.

Nan Ansyen Kontra a, wa David temwanye sa. Li dekri eksperyans sa nan Sòm 32.5. Mwen renmen li, reli sòm sa, paske m gen empresyon se de mwen l ap pale. Finalman, *Mwen avwe w*

tout peche m yo, miwen sispann eseye kache fot miwen an. Mwen di tèt miwen: « Ma konfese rebelyon m yo bay Senyè a », e Ou te padone miwen ! Tout peche m yo ale”. Kounye a miwen lib, anyen pa peze m desann ankò. Rete sèlman pou n kontan. E tout syèl la pataje kontantman ak tout moun ki fè ekperyans sa.

Kwayans nou

Santiman kilpabilite nou an reyèl. Wi, li natirèl pou n santi n koupab. Men, nan Jezi, nou santi n libere. Bonjan repantans lan ak konfesyon kè a, pèmèt nou debarase n de kilpabilite a. Ellen G. White deklare Jezi pran kilpabilite n sou do l : « Kris la pran plas nou, li pote inikite tout moun. Yo te mete l nan mitan malfektè yo, yon fason pou l rachte nou anba kondanasyon lalwa. Kilpabilite tout pitit Adan yo t ap peze sou kè l... men kounye a ak gwo fado kilpabilite ki te sou Li a Li pa t ka wè vizaj mizèrikòd Papa. Retrè limyè diven an sou Sovè a nan gwo moman angwas sa te pèse Kè Li ak yon tristès moun paka konprann. Soufrans sa te sitèlman rèd, Li te blyie doulè fizik yo » (White, desire of Ages, P.753). Byen konprann ministè Jezi nan tabènak syèl la pèmèt nou sezi pwofondè lanmou Kris pou nou.

« Gen yon tabènak nan syèl la, veritab tabènak Senyè a fè a, se pa lòm ki fè l. Nan tabènak sa, Kris ap akonpli yon ministè an favè n, se konsa l mete pou kwayan yo byenfè ki makonnen ak sakrifis redanmsyon l fè yon fwa pou tout fwa yo sou lakwa. Lè l t ap monte nan syèl la, yo te mete l sou twón nan kòm Premye Sakrifikatè, e l kòmanse ministè plèd li a, antitip travay premye sakrifikatè a te konn fè nan tabènak ki sou tè a. An 1844, nan fen peryòd pwofetik 2 300 jou yo, li antre nan dezyèm e dènye etap nan ministè rekonsilyasyon l lan. Faz sa se enstriksyon jijman an ki prepare eliminasyon definitif peche a ; se pirifikasyon ansyen tabènak la nan jou padon an la ki senbolize travay sa. Pandan seremoni senbolik sa, yo pirifye tabènak la ak san bète yo sakrifye yo, se sakrifis pafè san Jezi a ki pirifye reyalite selès yo. Enstriksyon jijman an revele entèlijans selès yo, kilès nan mitan mò yo, k ap dòmi nan Kris, kidonk, ki merite patisipe nan premye rezireksyon an. Enstriksyon jijman sa tou montre kilès, nan mitan vivan yo, ki rete nan Kris la, k ap obsève kòmandman Bondye yo e ki gen lafwa nan Jezi, k ap mache tou sove pou wayom etènèl la. Jijman sa remete Jistis Bondye a kanpe nan sove sila yo ki kwè nan Jezi. Li pwoklame sila ki ret fidèle yo ap resevwa wayom nan. Fen ministè sa, Kris ap fè a, ap make ekspirasyon tan gras la pou limanite, anvan dezyèm vini an » – Levitik 16 ; Resansman 14.34 ; Ezekyèl 4.6 ; Detewonòm 7.9-27 ; 8.13, 14 ; 9.24-27 ; Ebre 1.3 ; 2.16, 17 ; 4.14-16 ; 8.1-5 ; 9.11-28 ; 10.19-22 ; Revelasyon 8.3-5 ; 11.19 ; 14.6, 7 ; 20.12 ; 14.12 ; 22.11, 12 (gad kwayans fondalnatal yo : <http://www.adventiste.org/-les-croyances-fondamentales>).

Apèl

Senyè a fidèl e li bon, li padone tout fot nou yo. Pa gen anyen ki twò pa bon pou gras Bondye. Gras ak lanmou l, Bondye kouvri tout bagay. Al jwenn Bondye ak yon kè ki rekonèt peche l, e l ap libere w. Joug li a byenveyan epi chay li a leje. Ou swete Bondye padone w aswè a ?

Kesyon pou deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwooup ou an)

Luther te pè lanfè ak kòlè Bondye, e l te panse paske l t ap viv nan yon monastè sa t ap ede l sove.

1. Diskite konsekans laperèz lanfè a ka gen sou relasyon n ak Bondye.
2. Diskite tèks ki nan 1 Jan 3.7-9 yo : « Timoun mwen yo, pinga okenn moun gaga nou. Sila ki fè jistis la bon, tankou li menm, li bon an. Sila ki fè peche a sot nan dyab la, paske dyab la ap peche depi nan Kòmansman an. Si Pitit Bondye a te manifeste l, se pou l detri zèv dyab la. Sila ki soti nan Bondye pa fè peche paske semans Bondye a ret nan li. Li paka peche, paske l pran nesans nan Bondye. »

Kesyon pèsonèl

Li tèks 1 Jan 3.6 la : « Nenpòt moun ki ret nan li, pa peche ; sila k peche a pa konnen l, li pa janm wè l ». Kisa n panse de vèsè sa ?

BATÈM — YON NOUVÈL ALYANS AK JEZI



Photo: Jonathan Tordjman

Baptism is by immersion in water and is contingent on an affirmation of faith in Jesus and evidence of repentance of sin.

Nenpòt moun, osnon ptit Wa a?

Tout moun vle montre kibò yo kanpe. Si w paka montre kibò w kanpe, ou ka santi w pa anyen. Si w pa gen anpil zanmi sou rezo sosyal yo anpil moun ka konsidere w pa resan. Sila ki vle fè kolonn ak yon lòt moun, souvan, sibi anpil presyon enflyians, kit ou dakò l kit ou pa dakò l. Ou dwe montre w renmen sa lòt moun renmen pou lòt moun ka wè w se yon moun koul. Nou tout konnen pwason vanyan yo naje nan sans kontrè kouran dlo a, men an reyalite, naje kont gwo kouran an vrèman difisil. Si w vle anndan an, fòk ou ale ak foul la. Pafwa li pa fasil pou w montre aklè kwayans ou nan Jezi. Kèk moun ka panse se lavi prive w e sa pa ta bezwen fè pati pwofil piblik ou. Di yon moun w al Legliz jou samdi nan yon konvèrsasyon ka difisil tou. Se sa ki vin fè l kapab difisil pou w montre kote w kanpe. Yon bò, gen kote ou vle kanpe a, yon lòt bò, gen legliz la.

Kontèks istorik ak entèpretasyon tablo a

An Ewòp, nan peryòd fen Mwayer Aj la, se batèm ki antre w nan sosyete a. Si w pa t batize w pa t gen okenn dwa. Moun kip a t batize yo – juif yo kòm egzanp – pa t dwe viv nan vil yo. Yo te dwe viv kote moun t ap fè metye ki yon ti jan deranje lòt moun, tankou prepare po bèt pou fè kui, bagay santi di ! Sa k pi rèd la, yo pa t konsidere moun sa yo kòm sitwayen, yo bay moun sa yo

pwoteksyon anndan vil yo se si ta rèd anpil anpil. Men, si w batize w te yon sitwayen legal, epi yo ba w yon non batèm dapre kalandriye sen yo.

Se tankou batèm nan te ba w yon pwoteksyon spesyal kont tout mal. Men, pwoteksyon sa pa t etènèl otomatikman. Si w blasfeme Bondye osnon w di yon bagay Legliz la pa dakò, yo te ka chase w Legliz la, radye w (ekskominye), epi w pèdi dwa pou yo antere w nan yon simityè sen, se simityè ki te kole ak legliz la. Si yo pa antere w la, ou mèt konnen w pral nan lanfè. Se konsa, Legliz te gen yon gwo zouti nan men l, e l te sèvi ak li souvan. Egzanp depi w kritike move konpòtman Pap yo, yo kapab di w eretik. Lè sa, Legliz la pa ba w kominyon ni lavi etènèl. Se poutèt sa batèm nan ak obeyisans a Legliz la te enpòtan konsa.

Sou bò goch la nou penn Otèl Refòm nan. Petèt se te menm batèm sa nan legliz Wittenberg, kote Luther te preche a e se kote sa yo vin enstale Otèl Refòm nan. Yo konnen trè byen moun k ap batize timoun nan. Se Philipp Melanchthon, pi bon zanmi ak kolaboratè Luther. Yo pa t òdone l prêt. Se senpman pwofesè langaj biblik nan Inivèsite Wittenberg la. Lakoz li fè batèm, sa montre jan l te enpòtan pou Luther pou tout moun egalego nan je Bondye. Agoch, nou wè pent lan menm, Lukas Cranach, youn nan gwo potanta Wittenberg yo. Li kenbe sèvyèt la pou siye ti bebe a. Adwat Melanchthon, nou wè yon lòt manm legliz ki kenbe Bib la louvri nan men l. Nou ka panse se Luther menm, tankou "Junker Jörg". Tout sa ap fèt nan kontèks Legliz la. Se kote Pawòl Bondye a ye. E se Pawòl Bondye a ki bay batèm nan sans li. Bon, ki otorite Melanchthon, ki pa menm prêt, genyen pou l fè batèm ?

Se pa ak otorite ofisyèl Legliz la ki te sèl kòk chante, men, se sèlman ak otorite Bondye ansanm ak misyon Bondye te rele n pou li a, sa n jwenn nan Bib la.

Men, sa fè poze kèk kesyon. Nou ka li nesesite batèm nan nan Mark 16.16 : « Sila ki kwè a va batize e l ap sove ». Kidonk, Bib la di kwayans lan nesesè pou batèm nan. Èske Luther te wè bagay yo yon lòt jan ?

Fason Martin Luther te konprann batèm nan

Rèv li se te wè yon Legliz kote yo pa fòse okenn moun antre, men, se kote chak moun viv sans Levanjil la nan lavi yo. Se konsa, apre sèvis abityèl nan legliz la ak lòt mesaj (anplis), an laten, ki se yon kalte edikasyon pou etidyan yo, li pwopoze tou yon « twazyèm sèvis », sa vle di yon twazyèm fòm dewoulman pou kil la. Li te vle pou gen yon kalte gwoup etid biblik nan kay.

« Sila ki te vle vin kretyen yo e ki pare pou pwofese Levanjil la ni nan sa y ap di, ni nan sa y ap fè, dwe enskri non yo epi ransable nan yon kay pou priye, pou li Pawòl la, pou batize epi resevwa sakreman epi pratike zèv kretyèn. Nan sans sa, tout sila ki ta gen yon konpòtman ki pa kretyen, yo t ap rekonèt yo byen fasil, teste yo, refòme yo, pa konsidere osnon radye

yo, dapre règ Kris la nan Matye 18. La tou, yo te ka mande pou yo bay yon ofrann san yo pa fòse yo pou yo ka bay pòv yo, jan sen Pòl te konn fè nan 2 Korentyen 9. La, yo pa t ap bezwen yon pil koral pou chante. La, nou t ap k ap fè batèm nan ak sakreman an yon fason ki kout e senp, kote tout bagay dirije sou Pawòl la, lapriyè ak renmen. La, nou ta dwe fè yon bon katechèz sou Kredo a, Dis Kòmandman yo, ak lapriyè Senyè a. An rezime, si n te gen moun ki te vle vin kretyen toutbon, t ap gen fòm ak lòd rapid. »^{1,2}

Martin Luther te vle yon legliz kote chak moun viv lafwa yo nan kè kontan. Yon Legliz k ap sèvi sosyete a. Yon legliz ou deside vin ladan san fòse e w kapab di sa k fè w vin ladan. Se t ap yon Legliz solid. Men, rèv Luther a pa t reyalize. Li pa t rive kreye yon Legliz moun vin ak pwòp volonte yo. Se poutèt sa li te konte sou èd Leta pou l konstri yon nouvèl Legliz Evanjelik. Sa vle di tou yo t ap batize tout ti bebe annik yo fèt, e yo t ap tou manm Legliz. Men, paske yon ti bebe potko ka kwè, Luther te konprann batèm nan yon lòt jan, parennan ak marennan te dwe pwomèt y ap fè timoun nan grandi nan lafwa kretyèn nan. Lè timoun nan vin gran, nan Konfirmasyon l ta dwe di si l dakò l se pitit Bondye.

Men, kibò libète chwazi a ak desizyon pèsònèl lafwa te ye nan tout bagay sa ?

Nan sans sa, Refòm Pwotestan an pa t fin total e l te depann de otorite Leta. Nan yon ti tan, kretyen ki ta pral konprann bagay yo nan fason pa yo ta pral sibi gwo presyon, menm pwotestan yo te lage nan pèsekite moun. Se poutèt sa, nou pa dwe janm blyie fanm ak gason nan Refòm nan ki te chache viv fason yo te konprann batèm nan, yo peye sa ak lavi yo. Se yon pati nan Refòm nan tou, men yo souvan blyie l.

Egzanp mouvman Anabatis la

Apre Wittenberg an Saxony, te gen yon dezyèm sant Refòm pwotestan an Suis, se Huldrych Zwingli ki te dirije l. Se pa t sèlman zanmi l yo, te gen fanmi ki te vle suiv modèl biblik la nenpòt sa sa koute yo, yo te refize batèm pou ti bebe. Lè yo fin diskite sa piblikman, yo separe ak Legliz la. Konrad Grebel, Felix Manz ak Jörg Blaurock, ansanm al yon gwoup moun, an kachèt fè premye batèm pwofesyon lafwa a 21 janvye 1525. Zurich ak lòt otorite nan konsèy minisipal pwotestan an fache. Swadizan anabatis yo te vle, nonsèlman pratike batèm pou moun ki kwè, men tou, yo te vle konprann Legliz la tankou yon modèl fratènité jan sa ye nan Bib la, epi yo t ap eseye entèprete mo pou mo tout sa k nan Bib la. Nan mitan tout lòt bagay, yo t ap mande libète reliyez, pou Legliz separe ak Leta, e yo t ap eseye wè jan l t ap bon si yo te pataje byen yo, pa fè okenn vyolans, epi pa nan mare sosis ni ak mond lan ni ak peche. Nan mwens pase senk lane, otorite lokal yo, Leta, lòt legliz pwotestan yo ak legliz katolik tanmen pèsekite mouvman anabatis la. Nan Asanble Speyer a an 1529, prens yo (pwotestan ak katolik) pran angajman pou touye tout moun ki

t ap soutni batèm kwayan an. Martin Luther te dakò pou yo te touye yo tou, menmsi Anabatis yo te sèlman vle viv tankou bonjan pitit Bondye, tankou pitit Wa a.

Èske w déjà pitit Bondye ?

« Ak batèm nan nou konfese lafwa n nan lanmò ak nan rezireksyon Kris la, e nou temwanye nou mouri nan peche ansanm ak entansyon pou nou viv yon lavi ki nèf. Se konsa, nou rekonèt Kris la kòm Senyè ak Sovè, nou vin [tounen] pèp li epi l resevwa n kòm manm Legliz li. Batèm nan se senbòl inyon nou ak Kris la, padon peche n yo ak resepsyon Lespri Sen an. Sa fèt nan plonje nan dlo, e l depann de manifestasyon lafwa n ak prèv nou repanti nan peche. Se suiv enstriksyon Bib la epi aksepte ansèyman l yo » (Matye 28.19, 20 ; Travay 2.38 ; 16.30-33 ; 22.16 ; Women 6.1-16 ; Galat 3.27 ; Kolosyen 2.12, 13) – Ce que croient les Adventistes du Septième Jour, p. 211.³

« Jezi reponn yo : An verite, m ap di nou sa, si yon moun pa fèt yon lòt fwa ankò, li p ap ka wè wayom syèl la » – Jan 3.3.

Batèm nan se yon siy vizib pou montre yon moun aksepte Kris la kòm sovè l, li deklare nouvèl fwa li nan Kris la, li kwè nan padon l, epi l batize. Tout sa w te konn fè nan lavi w ak tout sa k te fè w lwen Bondye, yo pase kounye a. Bib la konsidere batèm nan tankou yon moman idantifikasiyon ak lanmò nan Kris la. Reyèlman w mouri nan lavi pase w la kòm pechè epi w resistite nan yon lavi tou nèf ak pouvwa Lespri Sen an. Ou kòmanse viv yon lòt lavi, lavi wayom nan, granmesi Lespri Sen an ki vin ret nan ou kounye a pou transfòme w, pou ekipe w pou sèvis epi toujou ret nan ou kòm konseye pèmanan. Kounye a w ou vin vle pou tout lavi w vin pou Jezi ase.

Batèm nan se tankou yon bèl bèl maryaj ki sele lyen ak moun ou renmen an, paske se sou pwofesyon lafwa w ou batize nan non Papa a, Pitit la ak Lespri Sen a. Wa linivè a deklare w se pitit li epi eritye l. Sa difisil pou w imajine. Men, menm moman w plonje nan dlo a (Bib la pale de yon tonbo likid), se yon moun tou nèf soti nan dlo a : pitit yon wa, Wa linivè a kanpe dèyè w, li ba w yon atansyon spesyal, e l p ap janm abandone w. Tout pwomès li yo alawonbadè se pou ou. Depi lè sa ou kapab di : « mwen ap janm poukout ou. Mwen pa bezwen pè ankò. Mwen ka konte sou Wa a pou toutan ». Se chans yon lòt lavi, alò poukisa w pa sezi okazyon sa pou w batize pou w vin yon pitit Wa !

Kwayans nou

« Ak batèm nan nou konfese lafwa n nan lanmò ak nan rezireksyon Kris la, e nou temwanye nou mouri nan peche ansanm ak entansyon pou no viv yon lavi ki nèf. Se konsa, nou rekonèt Kris la kòm Senyè ak Sovè, nou vin [tounen] pèp li, epi l resevwa n kòm manm Legliz li. Batèm nan se senbòl inyon nou ak Kris la, padon peche n yo ak resepsyon Lespri Sen an. Sa fèt nan plonje nan dlo, e l depann de manifestasyon lafwa n ak prèv nou repanti nan peche. Se suiv enstriksyon Bib la epi aksepte ansèyman l yo » (Matye 28.19, 20 ; Travay 2.38 ; 16.30-33 ; 22.16 ; Women 6.1-16 ; Galat 3.27 ; Kolosyen 2.12, 13).⁴

Apèl

Ou fatige ? Ou dekouraje ? Ou santi w pèdi ? Ou vle yon lavi tou nèf nan Jezi ? Ou vle etidye gras sove Senyè a plis ? Ou vle repanti ? Ou kwè nan Jezi ?

Ou pa bezwen san defo pou w aksepte Kris la nan lavi w. Sa moun panse de ou pa bezwen ba w pwoblèm. Se jou pa w. Si w chwazi aksepte Jezi kòm Senyè ak Sovè pèsonèl ou, tanpri leve men w, mwen ta renmen priye pou ou (fè lapriyè a epi degaje w pran kontak ak moun ki leve men yo a).

Kesyon Diskisyon

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwooup ou an)

1. Kilè w vin tounen yon pitit Bondye, nan moman batèm nan osnon lè w aksepte Kris la nan lavi w ?
2. Li epi diskite Jan 3.3 ; Ebre 10.23 ; 13.5.

¹Kidd, B. J. (1911). *Documents illustrative of the Continental Reformation*. Oxford: Clarendon Press, 193-202.

²Luther, M. (1854). *Deutsche Messe und Ordnung des Gottesdienstes 1526*. Frankfurt a.M. u.a.: Heyder u. Zimmer. Retrieved from <http://history.hanover.edu/texts/luthserv.html>.

³Seventh-day Adventists believe: A Biblical exposition of fundamental doctrines. (2005). Silver Spring, MD: Ministerial Association, General Conference of Seventh-day Adventists, 211.

⁴General Conference of Seventh-day Adventists, *Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version)* (Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013. Retrieved from <http://www.adventist.org/en/beliefs>.

JOU8

**KRIS AP RETOOUNEN POU VIN
SOVE EPI JIJE**



Ret tann nan ka tèlman eksitan !

Ou sonje kijan sa te ye lè w te oblige tann yon moun ki chè anpil anpil pou ou pandan plizyè mwa, plizyè ane menm ? Tanzantan lide w frape sou moun sa. Byen petèt ou pwofite tout okazyon pou w ret an kontak ak moun sa. Chak fwa w gen chans, ou voye kèk bél ti mesaj, ata foto. E si sa pa t twò chè, byen petèt nou pale nan telefòn chak fwa sa posib. Sa vin fè w plis anvi wè l, men sitou kontantman atant pou nou wè youn lòt. Anverite ou fè tout sa w kapab pou w prepare w pou rankont lan, pou w ka fè rankont sa vrèman spesyal. Ou depanse je fèmen, byen petèt ou achte pi bél flè w ta ka jwenn, ak kèk bél ti kado, sa w konnen moun nan ap apresye. Alò w te nan sal datant ayewopò a, tout moun ki wè jan w jan w antchoutchout la, gentan wè rankont sa charye anpil lanmou.

Kontèks istorik ansanm ak entèpretasyon tablo a !

Nan moman Refòm Pwotestan an t ap pran pye, laperèz t ap domine mond lan. Lavi a te mabyal, prèske tout moun ki t ap viv pa t espere depase 40 lane. Anpil timoun t ap mouri anvan lè. Tanzantan epidemi lapès t ap ale vini, e okenn moun pa t ka esplike poukisa. Prèske tout moun pa

t ka chape anba maladi sa, ak lòt maladi ankò. Se te yon teren pou sispestisyon layite kò l, e anpil moun te pwofite laperèz moun yo pou regle zafè pèsonèl yo. Anplis de sa, lagè t ap fè yon pakèt viktим. E teknikman pa t gen okenn sistèm èd sosyal pou soutni ijans pèsonèl yo. Fason moun yo te konprann mond lan lè lame islamik otoman yo te fin pran Constantinople, kapital lanpi bizanten kretyen an, pa t bay okenn lespwa. E, yo vin jwenn yon mond tou nèf lè yo vin wè Amerik la an 1492. Mond lan sanble t ap depafini, e lavi a te ensèten. Annik Johannes Stöffler, astwonòm e matematisyen alman, te fin chita sou yon konstelasyon espesyal ak zetwal yo pou anonse fen mond lan pou 2 fevriye 1524, anpil moun te kwè se dènye jou yo yo t ap viv.

Paske Ogisten fondatè enfliyan Legliz la, te anseye Wayom Bondye a te déjà nan Legliz la, konpreyansyon biblik moun yo te genyen sou Dezyèm Vini an te chanje nèt nèt. Pa t gen anyen menm pou yo tann, paske lafen an se jijman Bondye sèlman l t ap gen ladan. E se te yon bagay nou te dwe pè. Kidonk, chak aspè lavi a te charye ak laperèz. Se nan kontèks sa sèlman nou ka kòmanse konprann preyokipasyon Martin Luther a sou kesyon fondalnatal ki kòmanse Refòm nan : Kijan m ka resevwa gras Bondye a ? Poukisa l tèt li te cho konsa pou konnen si Bondye t ap aksepte l ? Se te laperèz pou Bondye pa voye yo jete nan dènye jijman an. Kidonk, konpreyansyon Martin Luther sou Dezyèm Retou Jezi a te makònèn anpil anpil ak nannan mesaj Refòm pwotestan an.

Otèl Refòm nan pote tou yon deskripsiyon jijman final la. Li dèyè predèl la. La, nou wè yon sèn – kèk koulè pal – ki reprezante de (2) gwoup moun k ap genyen nan Dezyèm Vini Jezi a (Matye 25.31-46). Sou bò goch la se moun sove yo. Dlo a rive jouk nan kou yo, men, y ap gad sèpan an je louvri – kidonk y ap gad Jezi. Se konsa yo sove. Sou bò dwat la, se moun pèdi yo. Yo sanble kontan, epi yo ajite, yo okipe. E si n ap gade byen, nou ka kòmanse imagine se dènye kri yo yo gen sou bouch yo. Yo pèdi. Ta sanble atis pent lan te toumante devan sèn nan. Se poutèt sa pa gen koulè cho osnon ki gen kontras. E moun ki te la nan epòk Luther yo pa t ka vrèman apresye sèn nan paske l te touche laperèz yo. Kijan w ka sèten w ap nan mitan sila ki sove yo ?

Si n byen gade, n ap wè tablo Otèl Refòm nan kouvri ak ekriti a ansanm ak dat la, kòmanse agoch li fini adwat. Depi 1555, etidyan fakilte teyoloji invèsite a te imòtalize tèt yo la apre egzamen final yo. Sila k te gen diplom yo te ka konte tèt yo nan mitan sove yo epi ekri non yo sou bò goch la. Men, pou sila k pa t pase yo se te annik ekri non yo nan mitan pèdi yo, ki dwe afwonte jijman final la. Koutim sa ka fè n ri, men, li montre aklè kijan sila yo ki te nan epòk Martin Luther a, ak lòt jenerasyon apre yo, pa t kapab kominike konpreyansyon liberatè refòmatè dezyèm vini Kris la pou pitit li yo.

Kontantman Martin Luther t ap tann Dezyèm Vini an

Nan dènye jou lavi l, Luther te rapòte, lè l te jenn gason, li te pè jou jijman an anpil. Se sa paran l yo te aprann li, e an jeneral, anpil moun tou te konnen menm bagay la. Se poutèt sa li t ap trakase tèt li konsa, kòm mwàn, pou l viv san peche, yon fason pou l pa pèdi nan jou jijman an epi pou l pa al nan lanfè osnon pase anpil tan nan pigatwa. Sanble eksperyans li te fè nan chato a, kote Bondye te ba l yon nouvèl konpreyansyon sou jistifikasyon grammesi lafwa sèlman an, te ede l konprann Dezyèm Vini an yon lòt fason. E tout tan li kontinye pale de Dezyèm retou a, sitou nan mesaj li sou nwèl, men, san pa t gen tras laperèz. Byen okontré, nenpòt moun ki li mesaj sa yo santi yon gwo lajwa nan pale sou antisipasyon pi gran jou istwa mond lan. Se poutèt sa, kounye a Luther te ka priye : « Dènye jou cheri, vini ! » Nan dekri dènye jou a ak mo cheri a, lanbi laperèz la te sispan kònèn. Mwen pa gen pou m pè yon bagay ki te vin chè pou mwen.

Se sa l t ap preche san rete.

Kijan Martin Luther vin gen konviksyon sa ?

De entèpretasyon jwe yon wòl enpòtan. Te gen yon pwoblèm nan Legliz Wòm nan, sitou ak Pap la. Yo te kondane Luther kòm eretik, e nan zafè politik, tanzantan plizyè alyans t ap fòme kont peyi ki akeyi Refòm nan. Premye jiyè 1523, yo te gentan boule sou bwa dife Johann Esch ak Heinrich Voes, de mwàn ogisten nan Anvèr, Bèljik, poutèt yo t ap preche doktrin Refòm nan. Refòm nan te chaje ak lennmi toupatou, tout sa yo te vle se te wè kijan sila yo ki te mele Refòm nan ap fini. Luther pa t gen lòt chwa awotan entèprete sa tankou puisans Antekris la ki ta pral parèt anvan Jezi retounen. Epi te gen sa l t ap viv yo nan yon epòk kote lanpi otoman islamik la t ap menase tout Ewop santral la depi plizyè dizèn lane, kidonk tout kretyènte a. Otòn 1529, lame Suleiman Ie a te sènen laval Vyèn. Laperèz ak ekyetid te gaye nan tout Ewop la. Se sèlman yon gwo kowalisyon lame plizyè peyi « ki te toujou nan batay youn ak lòt » ki te ka evite danje sa, sitou twoup otoman yo te kite peyi yo lakoz fredi ki ta pral rive.

Devlopman nan de domèn sa yo te vle di anpil pou Luther jouk li te kwè l t ap viv dènye evennman istwa mond lan, e Kris la pral tounen talè konsa. Sa te ba l kouraj pou l te defann Refòm nan epi tann nan kè kontan jou kote tout doulè pral fini.

Men, li pa t tonbe nan tantasyon pou l te bay yon dat egzat osnon yon dènye evennman k ap sinyale Kris la ap tounen lapoula. Men, nan Lochau, ki toupre Wittenberg kote Luther t ap viv la,

youn nan kòlèg li yo, Michael Stifel, kalkile fen mond la pou 19 oktòb 1533 a 8è nan maten. Sa fè anpil moun panike, e yo te sipoze arete Stifel. Men, Luther byen pran defans kòlèg li a. Luther te ekri kalkil Stifel la se te yon « ti tantasyon » (kleines Anfechtlein) pou li, e li menm li pito chita tann Jezi dousman trankil, san l pa pa pran devan.

Men se sèten, li t ap byen renmen konnen kilè Jezi t ap resi tounen. Nan dènye ane Luther yo, li eseye kalkile kilè istwa mond lan ap rive nan bout li. Li sèvi ak yon chema ki te la nan kòmansman jidayism lan, ki imajine istwa mond lan tankou yon gwo semèn kreyasyon ki dire 7000 lane. Li tanmen yon seri gwo kalkil istorik, li pibliye yo sou tit « *Supputatio annorum mundi* » (Rezime dat [kwonoloji] mond lan). Men rezulta kalkil li yo : Jezi ap vini talè konsa ! An n di pandan m ap viv la. Panse sa yo te sitèlman enpòtan pou li li pibliye dezyèm edisyon an ane l ap mouri a, an 1546. Lè yo mande l poukisa l envesti tout tan sa ak tout efò sa nan panse a tounen Kris la, li reponn an laten «per otium», ki vle di « se pasyon m » !

Kijan m ka fè lajwa preparasyon dezyèm retou Jezi a plezi mwen ?

Mwen renmen konpòtman Refòmatè a : pasyon m se reflechi sou retou Kris la ak lajwa nouvèl tè a. Ou pa toujou gen tan pou plezi, paske travay ak edikasyon (pitit ou) gen priyrite, e se yon bon bagay. Men, chak fwa w ka met yon ti tan apa, ou pase l ak kè kontan nan fè sa w renmen. Kèk moun antre nan yon klèb ki pataje enterè yo. Lòt moun menm kontinye aprann plis jouktan yo maton nan nenpòt bagay yo renmen an. Sa enkwayab pou w wè kijan kèk moun fò se spesyalis nan sa yo renmen.

Pou yo, se tankou lè moun damou. Depi tan an ak sikonstans yo pèmèt sa, yo toujou panse a moun espesyal sa. Toudenkou ou wè mond lan yon lòt jan. Sa k te difisil anpil anpil la vin fasil, paske w gen yon motivasyon ki pa t la anvan sa. Kounye a lavi w vrèman diferan. Se konsa sa te dwe ye pou Luther sou Dezyèm retou a. Plis li t ap granmoun, plis anvi li te gen anvi pou « dènye jou cheri a » rive. Ou pa bezwen tann ou granmoun pou w kòmanse tann, kòmanse jounen jodi a menm paske tann nan ka gen anpil plezi !

Kwayans nou

Dezyèm retou Kris la se esperans beni Legliz la, dènye pwen Levanjil la. Retou sovè a ap literal/reyèl, pèsonèl, vizib epi mondal. Lè l ap vini, bon mò yo ap resisite e ansanm ak moun vivan ki te fè volonte Bondye yo, laglwa ap ranpli yo e y ap monte nan syèl la. Men, move je yo ap mouri. Jan mond lan ye a, prèske tout pwofesi yo fin akonpli, sa montre Jezi prèske tounen. Yo pa

revele tan evennman sa, kidonk, nou jwenn egzòtasyon pou n toujou pare – Matye 24 ; Mark 13 ; Lik 21 ; Jan 14.1-3 ; Travay 1.9-11 ; 1 Korentyen 15.51-54 ; 1 Tesalonisyen 4.13-18 ; 5.1-6 ; 2 Tesalonisyen 1.7-10 ; 2.8 ; 2 Timote 3.1-5 ; Tit 2.13 ; Ebre 9.28 ; Revelasyon 1.7 ; 14.14-20 ; 19.11-21 ».¹

Apèl

Talè Jezi pral tounen. Tan yo di tout bagay. Moun yo ap chache lapè. Jwa reyalite Dezyèm Vini an gran anpil. Mwen vle fè pati moun k ap rankontre Jezi nan lespas. Èske w vle nan mitan moun sa yo tou?

Kesyon pou deba

(Lidè : si gen twòp kesyon pou tan yo ba nou an, chwazi kesyon k ap pi benefik pou gwoup ou an)

1. Youn nan pi gwo enkyetid Luther se te konnen si n sèten n ap sove lè Jezi retounen. Èske sa se yon bagay ki ba n pwoblèm ?
2. Kouraj Luther pou defann Refòm nan soti, yon bò, nan kwayans li te genyen mond lan te prèske rive nan bout li epi Jezi te nan wout pou vini. Èske n santi l ijan pou n defann lafwa a ?

¹ Konferans Jeneral Advantis Setyèm Jou a, Seventh-day Adventist Church 28 Fundamental Beliefs (Abridged Version) (Silver Spring, MD: General Conference of Seventh-day Adventists, 2013. Retrieved from <http://www.adventist.org/en/beliefs>.

SOU REDAKTÈ YO



REDAKTÈ PRENSIPAL

Dr. Johannes Hartlapp, fêt an 1957 nan Halberstadt, Saxony-Anhalt, Almay. Li grandi nan ansyen Almay Lès. Premyeman li te aprann Chapantye ak ebenis, aprè li te resevwa yon Diplòm Predikatè nan seminè Advantis Friedensau. Soti 1980 pou rive 1995 li te sèvi kòn pastè nan Westsaxonian Conference. Soti 1986 pou rive 1990 kòn sekretè Depatman Jenès nan Chemnitz. An 1993, Li resevwa yon Metriz nan Relijyon nan Fakilte Newbold (Andrews University). Depi 1995 lap sèvi kòn profesè Istwa Ligliz nan Inivèsite Advantis Friedensau. An 2007, li fè yon Doktora nan Teyoloji nan Inivèsite Martin-Luther Halle/Wittenberg. Soti 2000 pou 2003 e ankò soti 2011 pou 2015 li se Dwayen Fakilte Teyoloji nan Inivèsite Advantis Friedensau. Johannes ak madam li Dorothee gen kat timoun.



REDAKTÈ ADJWEN

Gilbert Cangy : Li te sèvi kòn Direktè Depatman Ministè Jenès Konferans Jeneral nan moman piblikasyon sa.



REDAKTÈ ADJWEN

Pako Mokgwane: se yon Direktè Adjwen Ministè Jenès Konferans Jeneral, Responsab espesyalman Ministè Jèn Senyò



REDAKTÈ ADJWEN Maria

Manderson: Yon maton e toutist nan tout bagay. Li se yon asistan Editorialy nan Ministè Jenès nan Konferans Jeneral.



TRADIKTÈ ALMAN-ANGLÈ

Brent Blum: Li pase premye mwatye lavi l Etazini, nan zòn Mountain View California. Li resevwa fòmasyon kòn enfimye nan Hamburg, Almay. Li te travay pandan kèk ane anvan li t ap etidye tewoloji nan Inivèsite Advantis Friedensau, toupre Magdeburg. Pandan li t ap etidye sou sipèvizon Johannes Hartlapp, Redaktè prensipal mesaj Semèn Priyè Jenès la, e te vin abitye ak ansèyman l yo. Anvan li te tounen tradiktè endepandan plen tan, Brent te sèvi kòn pastè nan konferans ba-Saxony Conference, Nò Almay.



TRADIKTÈ ANGLÈ- KREYÒL Rezo Alelouya : Se yon inisyativ plizyè jèn advantis an Ayiti pou mete nan lang matènèl Ayiti a tout resous Legliz la, konekte kominate advantis la nan bonjan enfòmasyon ki konsène Legliz la, pataje Esperans lan ak lòt yo epi bay inisyativ Legliz la jarèt. Prensipal responsab rezo sa se Jean Carmy Félixon, Max Guybert Lyron ak Jonathan Saint-Jean.

JOUNEN MONDYAL JENÈS

18 Mars 2017



...ou se mesaj la...



gcyouthministries.org • globalyouthday.org • facebook.com/AdventistGlobalYouthDay • #globalyouthday

Alelouya!®
.net